


ਪ੍ਰਸ਼ਾਸਕ ਮੁਖ ਮਜਲਿ



Dhapukanipun: MS DWIDJASOEWIKNJA BA
DWI DHARMA
KLATEN



LULUR

m(m m-nm'

:m:

SMP

ms soewiknja ba

dwi - dharma Klaten



DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KANTOR WILAYAH PROPINSI JAWA TENGAH
BIDANG PENDIDIKAN MENENGAH UMUM

JALAN KI MANGUNSARKORO 8 TELP. 25671 PES. 11/12 SEMARANG

Nomor : 141/C.2/1/76.

Lamp. : 1 (satu).

Hal : Daftar buku pelajaran
tahun 1976.

SEMARANG, 1 Januari 1976.


Kepada :

Sdr. Kepala SMP Negeri/Subsidi/
Berbantuan/Swasta
di JAWA TENGAH

Sambil menunggu ketetapan/petunjuk dari Panitia Penilaian buku-buku Pelajaran Departemen P dan K, buku-buku yang tercantum dalam daftar terlampir ini dapat dipergunakan sebagai buku wajib/buku pelengkap bagi para pelajar SMP di lingkungan Kantor Wilayah Deparmenten P dan K sepanjang diperlukan.

Kepala Bidang Pendidikan Menengah Umum
Kantor Wilayah Departemen P dan K

Propinsi Jawa Tengah



No.	Mata Pelajaran	Nama Buku	Pengarang	Penerbit	Keterangan
4.	Olah Raga	1. Bimbingan dan Pengawasan Pendidikan Olah Raga di sekolah. 2. Sport Skill Test 3. Pengukuran Kesehatan Jasmani. 4. Pembimbing Permainan 5. Peraturan permainan. Bola Volley Internasional. 6. Peraturan Per Lombaan Atletik (PASI). 7. Pelajaran dan Pengetahuan Olah Raga. 8. Pembimbing Atletik.	Kabin Olah Raga Pendidikan Perwk Dep PK Prop. Jateng. sda sda Nasyir Rosyidi Kabin Keolahragaan Perwk. Dep. PK Prop. sda	Tiga Serangkai Solo. Ratno Subroto, BA. Nasyir Rosyidi	
5.	Bahasa Daerah	1. Ngem-emi Basa Jawi 1, 2, 3. 2. Gagrak Anyar 1, 2, 3. 3. Puspawarmi 1, 2, 3.- 4. Wulang Basa. 1,2,3.	Mugiyana, BA Dwijosuwignyo Drs. Sutarno. Siswadi dkk.	Seribu Satu So 10. Widya aduta Solo. Jayanti – Solo.	

PRAWACANA

Dhapukan buku BASA JAWI GAGRAG ANYAR punika dumugi sapriki pranyata ketingal saya kathah para kadang ingkang sampun kepareng ngresakaken ngagem.

Ingkang punika temtu kemawon ndadosaken bom-bonging manah, liripun basa Jawi boten badhe ical larinipun. Sanajan mekatena pandhapuk tansah ngudi ngreka daya murih saya mathis saha ngrebdani-pun, taksih nyuwun pambiyantunipun dhateng sok sintena ingkang kepareng paring urun-urun rembag, ingkang tundonipun mewahi seserepan, ingkang numusi murakabi sadayanipun.

Ndadosna kawuningan bilih buku Basa Lawi Gagrang Anyar ingkang babaran enggal punika wonten bab-bab ingkang dipun ewahi saha dipun wewahi ing babagan istilah-istilah anyar, saha prekawis sanesipun murih nggamblangaken keterangan sarta indhaking seserepan, punapa dene nggampilaken lam-pahing pandamelipun Program Satuan Pelajaran, ing pangajab sageda jumbuh kaliyan GBPP Bahasa Daerah ingkang sampun wonten.

Ing wasana panyuwunipun pandhapuk, menggahing wontenipun wewahan wau sageda migunani wonten ing pawiyatan candhakipun, langkung-langkung wonten ing Pawiyatan Luhur sageda keplok lan runtut.

Sadaya wau pandhapuk tansah ngaturaken agung ing panuwun dhateng para Pangageng saha Sesepuh-ing DEPDIKBUD KANWIL PROPINSI JAWA TENGAH.

Nuwun,

Sinerat, Juni 1987

Aturing Pandhapuk,

ISINE BUKU

Piwulang	1	kaca	7
Piwulang	2	kaca	23
Piwulang	3	kaca	33
Piwulang	4	kaca	45
Piwulang	5	kaca	59
Piwulang	6	kaca	73
Piwulang	7	kaca	83
Piwulang	8	kaca	97
Piwulang	9	kaca	109
Piwulang	10	kaca	119

I. Wicara

TINDAK ARISAN

Ibu : "Tut, Tut !"

Tuti : "Kula, Bu."

Ibu : "Coba mrene a sedhela !"

Tuti : "Inggih."

Ibu : "Ngene ya, mengko sedhela maneh ibu arep tindak, saprelu arisan."

Tuti : "Arisan wonten dalemipun sinten Bu ?"

Ibu : "Anu, daleme Bu Lurah."

Tuti : "Mangke jam pinten Bu ?"

Ibu : "Kira-kira iya jam papatan mangkono."

Tuti : "Nitih punapa Bu ?"

Ibu : "Numpak becak bae.

Iki mangsane udan, ora usah numpak Ya - maha.

Sepisan mengko mundhak kodanan.

Yen kodanan ibu bisa masuk angin.

Yen masuk angin kowe sing rekasa.

Bisa apa ngeriki ?"

Tuti : "Saged kemawon."

Ibu : "Kaping pindhone, Yamahane cikben rada awet."

Tuti : "Lha mangke konduripun jam pinten ?"

Ibu : "Arisan mono ya sarampunge, kiraku ora nganti jam 19.00 "

Tuti : "Anu Bu, mangke menawi wonten tamu kadose pundi ?"

Ibu : "Ya matura, Ibu nembe tindak !

Dene konduripun mangke jam pitu !"

Tuti : "Inggih, Bu."

Ibu : "Tuti aja lali ya !

Jangane kae mengko dingeti. Kareben aja sayup. Adhimu paringana mangan.

Dhahare Bapak dicawisake dhisik.

Nengko yen wis surup, lawang-lawange di,
kancingi, pitike dikandhangake. Wis ya!
Tuti : "Inggih, Bu, ndherekaken sugeng !
O, Bu, Bu, punika jam tanganipun kantun,
mangga !"

II. TITI SWARA/ Vokal (1.1.1.)

Fonetik Jawa

Manut jinis lan papan artikulasine, fonem
Jawa iku kaperang dadi loro, yaiku:

1. fonem vokal
2. fonem konsonan

Fonem vokal cacahé 6, yaiku:

A	Ē
O	E
U	I

Fonem vokal iku wis bisa muni dhewe, ora prelu
oleh pitulungan vokal liyane.

- | | |
|-------|------------------------------|
| a - ē | vokal tenggorokan (guttural) |
| é - i | vokal ilat (lingual) |
| o - u | vokal lambe (labial) |

Suwarane/unine

- | | |
|-------|----------------------------|
| a = á | banyu, pasthi |
| | á bapak, tepas |
| | à lara, kandha, bapa |
| e = é | suwara pepet: rapet, pileg |
| i = í | tiba, wisa, tiru |
| | í apik, walik |
| u = ú | lunga, tuwa |
| | ú rabuk, ribut |

e = é wéla-wéla

é arèk, kèpek, awéh, mènèk

o = ó rono, mlongo, rodha

ó kòlòt, jòtòs

1. Vokal ing Ultima

a. Ultima iku wanda wekasan.

Coba tembung-tembung ing ngisor iki endi kang diarani ultima, ucapna kang cetha !

gedhe	sapi	belo	watu
pare	bali	soto	telu
dhewe	wadi	sawo	paro

Ultima iku manawa wujud vokal (ora sigeg=me-nга) diucapake murni.

Coba tembung-tembung ing dhuwur mau ucapna sapisan maneh !

b. Dene menawa wanda wekasan (ultima) mau sigeg diucapake ora murni.

Coba tembung-tembung iki ultimane ucapna kang cetha !

tekek	pedhot	gelis	wedhus
pedhet	repot	sapih	sabuk
kates	jebol	bibit	waluh
laden	padon	lading	gubug

2. Vokal ing Penultima

Penultima iku wanda sangareping wanda wekasan.

a. Coba tembung-tembung ing ngisor iki endi kang diarani penultima, ucapna kang cetha !

sisik	luwe	sinta
pitu	tuna	pintu
tiru	guna	tundha
pira	lunga	gundha

b. Suwara i lan u nganut aturan suwara ultima

Coba tembung-tembung ing dhuwur mau ucapna sapis,
maneh !

Penultima kang asigeg wujud nasal uga kaukap
ke sampurna.

c. Suwara a condhong o

Coba tembung-tembung iki ucapna !

bala	tangga	randha
rata	bangsa	kandha
kara	tampa	sanja
dawa	tamba	kanca

d. Fonem a kaukapake sampurna manawa kasusul vo
kal liyane.

Coba tembung-tembung iki ucapna !

paku	tali	sate
dalu	pati	gadho
baris	mangan	jago
garing	bagus	paro

e. a kang dumunung ing wanda sigeg diucapkake or
sampurna.

Coba tembung-tembung iki ucapna !

karti	kaldu	kapti
marta	palsu	taptu
kasta	taksih	wastu
pasthi	paksa	marga

III TITI TEMBUNG (1.5.)

A. Tembung lingga (1.5.1.)

Dhapukane tembung lingga iku dumadi saka
tembung wod lan tembung wanda wuwuhan.

Wod iku dadi inti sarine tembung lingga, wod
iku nduweni makna dhewe.

Upamane tembung lingga uler, wode saka l e r,
ler iku dumadi saka l - e - r
l = konsonan (k)
e = vokal (v)
r = konsonan (k)

wod l e r iku duwe makna dawa, dene
dadine tembung: galer, lajer, iler,
uler lsp.

galer manawa diwenehi rumus:kvkvk,

Coba tembung lingga ing ngisor iki wenehana
rumus !

meles	gulung	gagah	lunga
mules	balung	sagah	menga
wales	melung	wegah	lenga
belur	galeng	kandha	nangka
balur	meleng	bandha	bangka
mulur	theleng	andha	wingka

B. Tembung andhahan (1.5.2.)

Tembung andhahan iku tembung kang wis owah
saka asale (linggane).

Upama: tulis dadi nulis, katulisan, nulisi.

Dene tembung lingga dadine tembung andhahan sa-
rana wuwuhan:

- a. ater-ater (wuwuhan ngarep)
- b. seselan (wuwuhan tengah)
- c. panambang (wuwuhan buri)

Ater-ater anuswara (nasalering), dadi tanduk.

an ---> nitih, nuthuk, ndudut, dhudhuk lsp
any ---> nyapu, njambak, nyukur lsp
am ---> mbalang, mathak, malik lsp
ang ---> ngatur, ngukur, nggambat, ngrajang,
nglapis lsp

Coba tembung kang digaris ngisore iki dadekna
tembung andhahan (tembung tanduk) !

1. Bapak tindak kantor ora ana kang dherek.
2. Olehe tindak titih Yamaha.
3. Ana ing kantor serat lapuran.
4. Bareng kondur asta oleh-oleh.
5. Tekan dalem bukak tas.
6. Nuli lenggah lan waos koran.
7. Sadhela maneh unjuk wedang.
8. Ibu celak, atur dhahar.
9. Bubar dhahar isis ing teras.
10. Mlebu kamar agem piyama.

b. Tembung-tembung ngisor iki golekana linggane

mapan	ndulit	ngukur	ngijo
maro	ndemok	ngerok	ngilo
mbalang	ndhangir	nggraji	ngumbar
mburu	ndhangak	nggudheg	nguja
malik	nisih	nglara	ngedan
miru	nusuh	nglapis	ngetung
nulis	nyukur	ngranggeh	ngobrol
nimba	nyepak	ngrujak	ngore
nothok	njunjung	ngabang	ngedol
nuthuk	njimpit	nguleg	ngerong

IV. GUDHANG TEMBUNG/KOSA KATA (1.5.3.)

A. Dasa nama (Sinonim)

Tembung dasa nama ing ngisor iki gatekna !

1. ati : manah, galih, wardaya, tyas, nala, kalbu
2. anak : putra, atma, atmaja, tanaya, siwi, suta, sunu, weka
3. angin : samirana, bayu, bajra, pavana, maruta, sindhung, riwut, barat, aliawar
4. asu : segawon, anjing, srenggala , sona.
5. bapa : rama, yayah, sudarma

6. biyung : simbok, ibu, umi, wibi, rena
7. banyu : toya, warih, we, her, tirta
8. bantheng : andaka, jawi, angun-angun
9. bumi : bawana, jagat, pratiwi, donya
10. cacing : uti, werjit, lusi, wecita

B. Késoek balen

Tuladha: Lha mangke konduripun jam pinten ?
 Lha mangke tindakipun jam pinten ?
 Coba ukara ing ngisor iki gawenen kaya mang-kono ↓

1. Bapak lagi tindak kantor.
2. Dar olehmu mlaku sing rindhik bae !
3. Olehe tindak nitih tumpakan.
4. Wetengku isih wareg.
5. Layangane diundha anteng.
6. Kartiyah iku cethil.
7. Bocahe pancen seneng ngebreh.
8. Sapa ta sing jirih ?
9. Pak Wangsa saiki sugih.
10. Dheweke pancen duwe watak kesed.

C. Homonim

Kang diarani homonim iku tembung kang ucapane padha, nanging beda tegese, upamane:

- a. Jangane kae mengko dingeti. (dipanasi kareben anget)
- b. Tar, kowe kuwi dingeti bae kok nesu. (di-wasake)

Coba tembung-tebung kang suwarane padha iki ke-priye tegese ?

1. a. Peksi Garudha dados lambang negari RI.
 b. Mbakyu menawi gadhah kula lambang arta 5 ewu rupiyah kemawon.
2. a. Ilatipun gendhuk sakit gom.

- b. Anggenipun mundhut gom dhateng pundi ?
3. a. Wingi dalu griyanipun Babah Paing dipun kampak ngantos telas-telasan.
- b. Wah co tho, kampak kula putung garanipun.
4. a. Menawi pinuju ocal-ocal cekap ngangge ra sukan kokok kemawon.
- b. Badanipun Amir pancen kokok saestu.
5. a. Serat kabaripun sampun dipun waos Bapak.
- b. Mengsahipun dipun waos pener lambungipun.
6. a. Wau enjing murid-murid dipun arak dhateng Setadhion Sriwedari badhe nglantih aubade.
- b. Pak Krama dipun arak telas pinten-pinten sloki, mila lajeng mendem.
7. a. Lembu Tanah Jawi punika keturunan jawi.
- b. Mas, sumangga mlebet remawon, sampun wonten ing jawi, anginipun sumribit.
8. a. Sampun eru yen dipun dukani ing bandara !
- b. Sabin sapeyan pinten eru ?
9. a. Cakran punika laripun 10,5 cm.
- b. Laripun kuthilangipun adhik bodhol.
10. a. Termometer iku ana banyu rasane.
- b. Rasane jeruk bayi iku kecut.

D. Istilah-istilah

Cecukulan iku kembange sok ana arane.

Coba cecukulan iki kembange apa arane ?

aren	kara	timun	jagung
nipah	krambil	suruh	jambu
cubung	kelor	salak	jengkol
cengkeh	kluwih	lombok	mlandhing
randhu	kopi	pohung	mlinjo
kencur	kapas	pandhan	garut
kanthil	kimpul	pete	gedhang
kacang	duren	dhadhap	blimming
nangka	tebu	jati	jambu

dangu	kepek	montro	jeprák
dongong	manggar	drenges	karuk
torong	limaran	ketheker	cuwis
polong	onthel	menik	jedhidhig
karuk	blanggreng	ingklik	uceng
sedhet	kadi	pudhak	gremeng
gadhing	pancal	pendul	tuntut
besengt	dlongop	celung	maya
babal	gleges	janggleng	mayang

E. Milih tembung nunggal misah

Tuladha:- Adhine paringana mangan!
- Bayine apa wis didulang ?

Iki isenana nganggo tembung nunggal mi-sah mangan.

1. pamanganing manuk kang doyan pari diarani
2. mangan wayah sore ora pati wareg iku
3. pamanganing sato iwen diarani
4. pamanganing kethek diarani
5. pamanganing tikus diarani
6. pamanganing celeng diarani
7. pamanganing asu diarani
8. pamanganing ula diarani
9. pamanganing baya diarani
10. pamanganing kidang, menjangan diarani
11. pamanganing kebo, sapi diarani
12. pamanganing macan diarani
13. pamanganing buta diarani
14. mangan wayah linsir wengi arep pasa iku ...
15. mangan wayah sore kira-kira jam 18.00, pinuju
pasa sasi Ramelan diarani
16. mangan wayah esuk diarani

a.nisil	e.ngrikiti	i.nyaplok	m.mbadho
b.mancal kemul	f.nggogos	j.nggames	n.saur
c.nyocor	g.nyocok	k.nggemos	o.buka
d.ngrakoti	h.nguntal	l.nggaglag	p.semekan sarapan

V. TITI UKARA/TATA KALIMAT (1.6.)

Polaning ukara (1.6.1.)

Kang diarani ukara iku wedharing gagasan kang dilairake sarana basa utawa tembung-tembung Kena ditembungake mengkene:

Ukara iku klumpuking tembung-tembung kan mengku gagasan (karep, pangrasaning ati) : kan dilairake.

Ukara iku dumadi saka :

1. jejer , yaiku kang nandukake pratingkah
2. wasesa , yaiku pratingkahe tanduk
3. lesan , yaiku samubarang kang kena ing tanduk.

A. Ukara ganep, ndarbeni jejer lan wasesa.

Upama:

Buku iku reged.

j w

j = jejer

w = wasesa

l = lesan

Sardi durung teka.

j w

Aku nggebug asu.

j w l

B. Ukara cewet

Ukara cewet iku ukara kang mung ndarbeni salah sijining prakara, jejer utawa wasesa, utawa klakon lesan, keterangan bae.

Tuladha:

Becek !

Lunga !

Durung !

a. Coba ukara ing ngisor iki golekana jejer, wasesa, sarta lesane !

1. Garisane tugel.
2. Tarsa uwis mlaku.
3. Aku makani pitik.
4. Mas Sardi lagi lunga.
5. Gendhuk durung mangan.
6. Kowe nukoni gambar.
7. Adhiku pinter etung.
8. Suwarna seneng goroh.
9. Kamasmu ngetung dhuwit.
10. Pak banjar musnakake guwa.

b. Ukara cewet iki dumadi saka apa ?

(jejer, wasesa, lesan, keterangan)

1. Bu Lik !
2. Dhahar !
3. Sesuk !
4. Nangis !

VI. MACA TITI

A. Wacanen !

CINDHE LARAS I

Raden Putra ing Jenggala kagungan garwa kekasih Dewi Limaran. Panjenengane uga kagungan garwa ampil sesilih Retna Cindhaga, uga karan Thothok Kerot.

Nalika samana Dewi Limaran mbobot, dene Rena Cindhaka ora mbobot, kagungan panggalih lan panas. Tuwuh panggalih kang ala, nuli ngadhep Raden Putra. Ature,

R.Cind. : "Kamas, punapa kepareng ingkang munjuk atur, nyuwun priksa ?"

Rd.Put. : "Dhi Ajeng garwaku. Ana apa yayi ?"

R.Cind. : "Sampun ndadosaken dukaning penggal. Punapa inggih Kamas punika tresna, na saestu dhateng badan kula ?"

Rd.Put. : "O,o, Dhi Ajeng, Dhi Ajeng. Sapa wonge ora tresna, garwaku iya ramu. Tutunging ati, maniking mata, ing ati, ora liya ya mung jeneng si. Sapa maneh ?"

R.Cind. : "Kamas menawi mekaten, kula keparenglajengaken munjuk atur."

Rd.Put. : "Iya Yayi, terusna. Mara age matura !"

R.Cind. : "Punapa ta pidananipun, sok sintemawon menawi adamel sureming praja, napa malih adamel ku ceming dalem ?"

Rd.Put. : "Yayi, mesthi bae, sapa kang gawe reming praja lan agawe remehing asningsun, pantes menawa kapatrapan na abot, gedhene pidana pati."

R.Cind. : "Menawi mekaten, ndadosna kawuning saha sampun ndadosaken gerahing panlih, bilih garwa dalem inggih pun Limaran, ingkang nembe mbobot, kersamas naliti ingkang premati, saha menggalih, menawi sejatosipun pun kang mbok Limaran alampah sedheng."

Rd.Put.: "Kepriye Yayi aturira. Limaran laku sedheng. Apa bener aturmuh. Apa nyata iku ? Keparat"

R.Cind.: "Kamas, punapa pantes tumindak kados mekaten punika ?"

Rd.Put.: "Yayi, yen mengkono Limaran bakal dakpatrapi pidana."

R.Cind.: "Kamas prayoginipun, Kakang mbok Limaran katundhunga kemawon."

Rd.Put.: "Iya becik, Limaran kang agawe letheking jagat, kudu lunga saka kraton."

Iya jalaran pokal gawene Thothok Kerot iku , kalakon Dewi Limaran katimbalan dening Rd. Putra, pangandikane ,

"Nini, sira ora pantes dadi garwaningsun, Sira nindakake pakarti apa ?"

Dw.Lim.: "Pangeran, inggih pepundhen kula, nya - dhong duka, punapa ingkang panjenengan dalem karsakaken. Adalem boten mangretos menggah ingkang dados karsanipun."

Rd.Put.: "Kapriye, sira api-api ora ngreti, mbo - dhoni ya ?"

Dw.Lim.: "Saestu Pangeran, punapa karsanipun ?"

Rd.Put.: "Age Nini, tutura kang prasaja, aja dora! Apa bener sira laku sedheng ?"

Dw.Lim.: "O, punika ta Raden. Punapa ingkang dados wigatosipun, teka sang Pangeran andangu kados mekaten. Saha punika saking aturi-pun sinten Pangeran ?"

Rd.Put.: "Lapuram sing daktampa, sira nindakake laku sedheng. Yen mengkono sira ora pantes dadi garwaningsun."

Dw.Lim.: "Sang Pangeran.

Adalem tansah setya tuhu dhateng Sang
den dumugining delahan. Pangeran sampun kaseku
ndhawahaken deduka rumiyin. Sumangga aturi naliti ingkang premati rumiyin.
yen pranyata adalem nindakaken prekav
ingkang boten pantes, sumangga kula ato
nigas jangga adalem, boten nggrantes sal
guting kolang-kaling pinara sasra."

Rd. Put. : "Sira wis dakanggep dosa, mula wiwit sai
kudu lunga saka kraton kene !"

Dewi Limaran kalakon katundhung oncat
kraton.

B. Pitakonan iki wangsulana !

1. Dewi Limaran iku sapa ?
2. Lha Dewi Retna Cindhaga iku sapa ?
3. Genea Dewi Retna Cindhaga meri ?
4. Dewi Retna Cindhaga duwe trekah apa ?
5. Dewi Limaran dikapakake dening Retna Cindhaga
6. Apa pidanane ?
7. Pidana mau saka usule sapa ?

C. Negesi tembung-tebung kang angel.

kekasih	= aran, parab, jeneng
garwa ampil	= selir
karan	= diarani, disebut jenenge
mbobot	= ngandhut
tuwuh	= thukul
ngadhep	= sowan, marak
tuntunging ati	= kang ditresnani
maniking mata	= kang ditresnani
woding ati	= kang ditresnani
munjuk	= matur
pidana	= paukuman
sureming praja	= petenging praja, gawe remel
kucem	= tanpa cahya, wirang, mrosod
kapatrapan pidana	= diukum

kapatrapan pidana = kaukum
 premati = temen-temen
 sedheng = laku ngiwa, nalisir, laku
 ala karo priya liya
 api-api = ethok-ethok
 dora = goroh
 delahan = akerat
 nigas jangga = nugel gulu
 pinara sasra = dipara sewu.

VII. AKSARA JAWA

A. Aksara Jawa iki gatekna !

Dentawyanjana

m	m	a	r	m
ha	na	ca	ra	ka
r	r	a	r	m
da	ta	sa	wa	la
m	r	r	r	r
pa	dha	ja	ya	nya
r	m	m	r	m
ma	ga	ba	tha	nga

B. Akasara Jawa candhake iki wacanen!

ମାତ୍ରାବୀରାହିନୀରାହିନୀ

ରୋତୁରାହିନୀରାହିନୀ

କୁଳାହିନୀରାହିନୀ

ରୋତୁରାହିନୀରାହିନୀ

WULANGAN 2

I. Nicasara

KELAS ANYAR

P. Guru : "Bocah, bocah !
Mesthine atimu padha seneng ya ?
Saiki wis dadi murid SMP, ya pa ra ?"

Mrd-mrd : "Inggih, wah seneng sanget Pak !"

Tarya : "Pak, menawi kawula dheg-dhegan sanget."

P. Guru : "Lho genea kok dheg-dhegan ?"

Tarya : "Criyosipun, mangke wucalanipun awrat,
angel-angel, inggih ta-Pak ?"

P. Guru : "Gek pirang kilo abote. Mengkene ya. Di-
arani abot ya abot, entheng ya entheng.
Wis samesthine ta wulangane tambah. Na-
nging menawa kowe tlaten, sregep iya
ora ana barang abot."

Tarya : "Anu Pak, mangke menawi basa Inggris ka-
dos pundi? Mangka kawula dereng saged."

Pak Guru: "O, gampang, ora angel.
Mengko rak diwuruki baka sethithik.
Ora kok bruk pethuthuk mengkono, ora."

Tarya : "O, mekaten ta Pak!"

Pak Guru: "Iya, semono uga wulangan liyane, kang ko-
we kabeh durung wanuh, carane iya pa-
dha bae. Dadi kowe ora prelu samar. Co-
ba pikiren, bocah lair mono ora kok
banjur didulang sega, kuwi ora, nanging
disusoni baka sethithik, ngati-ati. Se-
mono uga sinau kudu tiaten."

Tarya : "O, mekaten ta Pak !
Inggih matur nuwun."

II. TITI SWARA / Vokal (1.1.1.)

A. Ucapan swara ing tembung andhahan

a. Swara a dadi sampurna (a) manawa ^{kang} sul ing panambang: e, mu, ku. Upama:

tiba	+	e	dadi	tibane
lenga	+	mu	dadi	lengamu
pola	+	ku	dadi	polaku

b. Panambang a ing wanda wekasan (ultimo) utawa wanda penultima, kang njalari ^{swi} ra a meh padha karo o sampurna. Kayata:

kena	+	a	dadi	kenaa
dara	+	a	dadi	daraa
lima	+	a	dadi	limaa

B. Coba tembung-tembung iki ucapna kang cetha

a.	tanggaku	tanggamu	tanggane
	jalaku	jalamu	jalane
	tekaku	tekamu	tekane
	rupaku	rupamu	rupane
	mejaku	mejamu	mejane
	gelaku	gelamu	gelane
	kancaku	kancamu	kancane

b.	lungaa	maraa	gilaa
	butaa	dawaa	kinaa
	sudaa	caraa	dinaa
	wutaa	kancaa	silaa
	sukaa	tambaa	rilaa

III. GUDHANG TEMBUNG / KOSA KATA. (1.5.3.)

A. MILIH TEMBUNG KANG MATHUK

Tetembungan kang ana sisih tengen iki ga thukna karo ukara kang ana sisih kiwa garé

1. Bocah kang nalika lair wis | a. tiba sampi
ora meningi bapa marga wis |
ngajal, diarani

- | | |
|--|----------------------|
| 2. Bocah kang ora duwe sadulur tunggal bapa biyung.. | b. julung caplok |
| 3. Sadulur loro kang siji lanang kang siji wadon .. | c. gondhang ka - sih |
| 4. Sadulur loro wadon kabeh. | d. kembar |
| 5. Sadulur lima lanang kabeh | e. dhampit |
| 6. Sadulur loro lair bareng kang siji lanang, sijine wadon | f. pandhawa |
| 7. Sadulur loro lair bareng lanang utawa wadon kabeh, | g. kembang sepa-sang |
| 8. Sadulur loro rupane abang /kuning karo ireng,..... | h. kedhana-kedhini |
| 9. Bocah lair ing wayah surup,..... | i. ontang-anting |
| 10. Bocah nalikane lair kaelung usus, | j. yatim |

B. Nerusake tetembungan

Tuladha:

Dheg-dhegan manah kula.

Dheg-dhegan jantunge.

Coba tetembungan iki isenana sing nadhang/krasa apane !

ampeg	kencot
mbedhedheg	miris
bengkek	linu
cekot-cekot	mules
cegeh	nrocos
gumeter	nglelur
gumrebeg	ngethok
gringgengen	pegel
glogor-glogor	seseg
nggregesi	serak
nggrusah	sepet
ngganjel	sumer-sumer
jimpe	suduken

C. KOSOK BALEN

Tetembungan iki kepriye kosok baline?

Upama: Prekara kuwi gampang X angel

1. melu ngrewangi X
2. udan deres X
3. dodolane laris X
4. tembung manis X
5. ulat sumeh X
6. kandha ijoan X
7. napas cekak X
8. wong lamban X
9. urip kacingkrangan X
10. lengenan jinggrang X
11. wong manca X
12. kalis lelara X
13. jarit lamba X
14. perang tandhing X
15. cekak budine X
16. gawe tentrem X
17. bocah andhap asor X
18. wong kajen keringan X
19. bocah ndemenakake X
20. budi luhur X

D. Ati seneng = seneng banget

Tetembungan iki apa karepe?

dadi ati
mambu ati
atine gedhe
atine same-
nir
nggadho ati
kethuli atine
padhang atine
punuk ati
peteng atine

1. Wong kang lagi nemu reribet
2. Wong kang mburu aleman
3. Lejar pikire
4. Ora enggal ngreti/bodho
5. Tansah gawe susah
6. Wedi banget
7. Wong kang kendel
8. Duwe kepengin marang wong wado
9. Tansah dipikir

E. TEMBUNG TIMBANG (PADAN KATA)

Tuladha: Parine ijo royo-royo.

Coba tembung-tembung ing ngisor iki terusna murih bisa mungguh, utawa timbang, kaya tuladha !

- | | |
|-------------------------|------------------------|
| 1. raine abang | 6. banyune asat |
| 2. rupane ireng | 7. kaanane peteng |
| 3. kapuke putih | 8. rembulane padhang.. |
| 4. pakulitane kuning .. | 9. kolahe kebak |
| 5. tandure ijo | 10. ulate bening |

F. IDIOM

Traping tembung nunggal misah.

Tuladha:

Kendhine kothong, isenana dhisik !

Coba ukara iki isenana nganggo tembung kang nunggal misah kothong !

- | | |
|---|----------------------|
| 1. Wah kojur tenan, kemirine...
ora kena kanggo olah-olah. | a. sepa |
| 2. Tebu mengkono kok-se-
sep, masa metu banyune. | b. ampang |
| 3. Parinedipangan ama | c. samun |
| 4. Dilalah duwe krambil sa -
glundhung bae, dadi
durung sida nyanten. | d. lowongan |
| 5. Omahe isih durung di -
enggoni. | e. sepi ma-
rring |
| 6. Desane katon wong-
wonge padha ngungsi. | f. suwung |
| 7. Sasi ngarep ana ... pangkat
Pak Kepala pensiun. | g. garoh |
| 8. Bareng ngambah Alas Roban
katon | h. gabug |
| 9. Rasane tembako virginia ...
ora kaya tembako Ampel | i. gabeng |

10. Daging iku manawa digiling | j. kopong
 rasane ora kaya yen
 dicacah.

G. ISTILAH-ISTILAH

Cecukulan kang wohe ana arane

aren	: kolang-kaling	uwi	: katak
kanthil	: gandhek	widara putih:	hanyang
turi	: klenthang	pucung	: kluwak
so	: mlinjo	gebang	: krandhing
sambi	: kecacil	besusu	: bengkowan

IV. TITI BASA/ GAYA BAHASA (1.7)

A. Rengga basa / Entar (1.7.2.)

Kang diarani tembung entar yaiku tembung si lihan, lire dudu teges kang salugune/walaka, Tuladha : kuping wajan

Coba tembung-tebung iki dadekna tembung entar !

- | | |
|------------|------------|
| 1. lambe | 9. untu |
| 2. pipi | 10. cucuk |
| 3. sikil | 11. bokong |
| 4. sambel | 12. weteng |
| 5. mata | 13. endhas |
| 6. telih | 14. wulu |
| 7. cangkem | 15. lengen |
| 8. irung | 16. paku |

- | | | | |
|------------|-----------|------------|-----------|
| a. sumur | e. wudun | i. graji | m. sepur |
| b. lawang | f. kakus | j. kendhi | n. kalong |
| c. meja | g. jun | k. kukusan | o. klambi |
| d. jenggot | h. lawang | l. bagor | p. idep |

B. WARNA BASA (2.7.2.)

a. Krama lugu (Kramantara)

Krama lugu iku tembung-tembunge kabeh krama, ater-ater sarta panambange krama.

Coba ukara iki kramakna !

1. Aku lagi turu.
2. Aku uwis adus
3. Aku nuli ngombe wedang.
4. Kowe ora dakwenehi.
5. Adhiku wis bisa mlaku.
6. Tekan ngomah wis kesel.
7. Olehku mangan wareg banget.
8. Sudarma uga melu mangan.
9. Sesuk aku arep lunga menyang Jakarta.
10. Ulihku arep nggawa jambu.

b. Tembung-tembung krama iki gatekna !

mangan	= nedha	- ora nedhi
katelu	= katiga	- ora katigen
dene	= dene	- ora denten
tuwa	= sepuh	- ora sepah
aran	= nama	- ora nami
jaran	= kapal	- ora kepel
belo	= belo	- ora belet
karana	= karana	- ora karanten
udan	= jawah	- ora jawoh, jawuh
wani	= wani, purun	- ora wantun

V. TITI TEMBUNG (1.5.)

Ater-ater tripurusa : dak, koydi (1.5. 2)
Tembung-tembung kang oleh ater-ater tripurusa, diarani tanggap tripurusa, kayata:

- | | | |
|-----------|-------------|------------------|
| dakjupuk | tanggap dak | (utama purusa) |
| kok-jupuk | tanggap ko | (madyama purusa) |
| dijupuk | tanggap di | (pratama purusa) |

Tembung tanduk kena didadekake tembung tulang gap, upama:

- Aku maca buku. - Dheweke maca buku
- Bukune dakwaca. Bukune diwaca,
- Kowe maca buku. (dilanjutkan)
- Bukune kok-waca

Coba tembung tanduk ing ukara iki dadeknal tembung tanggap !

1. Aku njupuk buku.
2. Kowe njupuk potlot.
3. Dheweke mangan kacang.
4. Aku maca koran.
5. Kowe nulis layang
6. Dheweke nggarap matematika.
7. Aku nggadho lawuh.
8. Kowe numpak sepedhah.
9. Dheweke nyapu latar.
10. Kowe nganggo sepatu.

VI. TITI UKARA (1.6.)

Polaning ukara (1.6.1.)

Ukara ganep iku sejatine ndarbeni: jejer, nesa, lesan sarta keterangan.

Upamane:

Supardi mangan jeruk legi.
j w l k

Coba ukara-ukara iki udhalana kaya tuladha

1. Aku turu ana sajroning gedhong.
2. Aku mangan ana ing meja.
3. Kucing ireng mangan tikus.
4. Bapak lenggah ing emper.
5. Aku maca ana ing kamar.
6. Asu belang nglethak balung.

PITUTUR

Maskumambang

1. Dhuh anak mas sira wajib angurmati,
marang yayah rena,
aja pisan kumawani,
anyenyamah gawe susah.
2. Awit uripira aneng donya iki,
lantaran wong tuwa,
wiwit sira maksih bayi,
dinadah ginula wenthah.

A. Tembangna !B. Pitakon-pitakon iki wangslana !

1. Apa ta kwajibanmu marang wong tuwa ?
2. Kowe ora kena kepriye ?
3. Wong kang nyepelakake iku kena apa ora.
Apa sababe ?
4. Apa sababe kok ora kena gawe susah ?
5. Kapan kowe diopeni wong tuwa ?
6. Urip mono lantaran saka sapa ?
7. Satemene kang gawe urip iku sapa ?

C. Tembung-tembung kang angel.

anak mas : a. panyebut marang kaprenah
enom. (ngajeni)

b. bocah kinasih ing bandara/
panggedhe

yayah : bapak

rena : ibu, biyung

kumawani : ambeg wani, kami purun, kumendel

ginula wenthah : diupakara, diemong

nyenyamah : ngala-ala, ngremehake

lantaran : sarana kang njalari bisa ka -
leksanan sedyane.

maksih : isih

IX. AKSARA JAWA

Wacanen kang patitis !

antriyananana
k'ntanana
antriyananana
naraanana

antriyananana
naraanana
antriyananana
naraanana

antriyananana
naraanana
antriyananana
naraanana

antriyananana
naraanana
antriyananana
naraanana

WULANGAN 3

I. Wicara

KARNAVAL

Santosa : "Guh, wektune mung kari saminggu, lho!
Olehe gawe buldoser ayo disengkut!"

Teguh : "Sabar ta!
Ora-orane ora rampung.
Mengko telu tugel dina bae rak beres."
guru 3 turang ½ dari - 2 ½ hari

Santosa : "Guh, Guh, Teguh!
Prabot-prabote rak wis cumepek ta ?"

Teguh : "Pokoke beres. Galo delengan, ragangane
wis dadi. Mau bengi daklembur karo Man-
ta, Sutar sakancane."

Santosa : "Sidane olehe karnaval. Pembangunan kapan
ta, aku kok rada lali dinane ?
Guh, yen awake dhewe iki gawe buldoser,
kirane rak ya wis cocok ta ?"

Teguh : "Wah, turah cocok.
Mengkene lho San, urut-urutane barisan,
ngarep dhewe buldoser, burine barisan
dhandhang, saburine barisan dhandhang
apike barisan pacul, nuli barisan sekop.
Murih runtute ing buri dhewe barisan
ekrak, kira-kira mathuk apa ora ?"

Santosa : "Mathuk thok."

Teguh : "Ya wis ayo disrempeng. O, iya iki mau
wis sarapan apa durung ta ?"

Santosa : "Uwis, sarapan dhewe-dhewe ana ngomah !"

Teguh : "O, iya dhing. Ora prelu banget-banget
njagakake pitulunganing liyan, oppor be-
bek mentas awake dhewek."

II. TITI SWARA / Vokal (l.l.l.)

A. Swara è lan o kang ora sampurna, owah ^{dadi} sampurna manawa ultima kasusul panambang a, an, ipun.

Tuladha:

gedheg+ a	diucapake: ge-dhe-ga
celeng+ an	diucapake: ce-le-ngan
caos+ an/ipun	diucapake: ca-o-sa-nipun

B. Swara è lan o kang ora sampurna, tetep ^{ora} sampurna manawa dumunung ing ultima kasu sul panambang: i, e, en

Tuladha:

kethek + e	diucapake: ke-thek-e
nothol + i	diucapake: no-thol-i
edol + en	diucapake: e -dol -en

Coba tembung-tebung iki wacanen kang patiti

A. bledhega	betengan	kedadosanipun
mletheka	wirengan	pedhotanipun
kampreta	boncengan	padhepokanipun
katesa	bethetan	dododanipun
dhedhela	jebresan	paroananipun
keseda	kethelan	cebolanipun
kalena	kleletan	bengokanipun
mepeta	tetesan	thothokanipun
osega	gorengan	golonganipun
baresa	ngopletan	srobotanipun

B. nggogosi	thekleke	gogosen
nothoki	gedhege	thothoken
mathoki	karete	gablogen
njeboli	kesede	jebolen
nyethoti	pemese	esopen
ngecori	kenese	godhogen
ngelongi	awete	plathoken
ngebroki	celenge	ecoren
ngesoki	garenge	karbolen
ngayomi	blatere	lolosen

III. GUDHANG TEMBUNG / KOSA KATA (1.5.3.)

A. IDIOM Ukara: Iki mau wis sarapan apa durung?

Tembung kang nunggal misah sarapan
trapna ing ukara !

sarapan	dulang
ngenyam	ngloloh
nggadho	digogosi
mangan	mancal kemul
bojana	nisil

1. Tamu-tamu manca nagara kepareng diajak bebarengan Presiden RI ana ing dalem Kapresidenan.
2. Na, yen kowe arep mangkat sekolah dhisik, kareben ora masuk angin !
3. Aku trima pecel tahu bae, ora usah nganggo sega.
4. Ta, manawa aja kecap, saru !
5. Bareng jangan,gaber-gaber sajake kakehan uyah.
6. Nuk, adhimu en dhisik, mumpung durung kebacut turu.
7. Darane lagi piyike.
8. Yo Mas yo, sadurunge mapan turu padha dhisik !
9. Cecrekan kae wis bisa pari dhewe.
10. Tegalane Pak Truna telane entek celeng.

B. KOSOK BALEN

Tembung kang digaris ngisore iki apa kosok baline ?

1. banyune asat X
2. lemahe nyluwik X
3. dagangane laris X

4.	omahe <u>dienggoni</u>	X
5.	kalene <u>mili</u>	X
6.	bocah <u>rosa</u>	X
7.	tamparane <u>keker</u>	X
8.	bolahe <u>wuled</u>	X
9.	klambine <u>amoh</u>	X
10.	atine <u>burus</u>	X
11.	banyune <u>bening</u>	X
12.	praupane <u>mbranyak</u>	X
13.	suwarane <u>sora</u>	X
14.	atine <u>brangasan</u>	X
15.	playune <u>banter</u>	X

C. NGISENI KEKURANGAN TEMBUNG

- a. Tembung ancer-ancer ing sisih tengen iki trapna ing ukara, murih mathuke!

1. Omahe kampung Kepatihan
2. Tresna anake.
3. Sutarya golek iwak kali.
4. Aku mentas lunga Surabaya
5. kesele, nganti ora bisa mlaku.
6. Isih diingoni sapatine
7. Digebugi setengah mati
8. Sardi digendhong saka kene Kartasura.
9. Dipenthung doran.
10. Luwih angel.

- a. dening
- b. nganggo
- c. tekan
- d. kongsi
- e. nganti
- f. saking
- g. saka
- h. menyang
- i. marang
- j. ing

- b. Tembung raketen (frase) iki trapna ing ukara ↓-

- | | |
|-----------------|--------------------|
| a. nom tuwane | f. maju mundure |
| b. tata tentrem | g. ngalor ngidule |
| c. sugih miskin | h. cendhek dhuwure |
| d. abot entheng | i. ala becike |
| e. niba tangi | j. adoh cedhake |

1. kaya-kaya Pangeran kang Kuwasa.
2. Rakyat kawajiban gawe praja.
3. daleme Pak Cilik, aku dhewe ora pati dhamang.
4. Direwangi golek sandhang pangan, ewa samono meksa durung cukup.
5. sapira, karo kowe tuwa endi ?
6. Wong bebrayan mono padha melu nyangga.
7. gumantung marang bangsa.
8. Papanmu kang anyar iku playune pirang meter ?
9. Olehe gawe gawang kira-kira sadedeg sapengawe.
10. Lha iya wong sedulur mono, menawa ana mesthi melu ngrasakake.

D. TEMBUNG TIMBANG (PADAN KATA)

Tembung iki rampungna supaya timbang.

Tuladha: lunga klepat

1. bali	11. mlebu	21. ngadeg
2. cep	12. metu	22. pedhot
3. cepol	13. mubeng	23. padhang
4. ngguyu	14. mlumpat	24. sandhung
5. gempil	15. mandheg	25. pecah
6. kepethuk	16. mlayu	26. sigar
7. mabur	17. ngulu	27. sila
8. lungguh	18. nangis	28. turu
9. mumbul	19. mudhun	29. peteng
10. melek	20. mingset	30. murub

IV. RENGGA BASA (1.7.2)

A. PARIBASAN

Paribasan iku unen-unen kang gumathok, nduweni teges wantah ora kasamun ing upama, kayata:

Mbanda kalani. = nandhingi, Madhani
Durung bisa sisi.= wong kang busuk.

Coba paribasan ing ngisor iki kepriye ka-repe ?

1. Ulat madhep ati karep.
2. Ambidhung api rowang.
3. Anjunjung ngentebake.
4. Anak molah bapa kepradhah.
5. Napuk rai.
6. Kepara-kepere.
7. Katula-katali.
8. Kadang konang.
9. Dahwen ati open.
10. Dudu berase ditempurake.
 - a. Wong mudhoni rembug, nanging kleru surup.
 - b. Para dahwen ing wicara, sarta open marang kamelikan utawa marang samubaran pratingkah.
 - c. Wong duwe sedulur kang diaku mung kan sugih bae.
 - d. Wong kang kelantur-lantur kena ing bliai/beka.
 - e. Ora padha pagedume, ana kang keladuk lan ana kang kurang.
 - f. Gawe lingseming liyan ana ing pasamuan
 - g. Wong nemu kasusahan utawa reribet, jalanan luputing anak.
 - h. Ngalembana nanging duwe kekarepan ngesorake.
 - i. Wong arep maeka, nanging patrap utawa

- solahe ora ngetarani, api-api kanca aweh
pambiyantu.
- j. Wong kang dhasare wis kapengin, banjur
diwenehi.

B. RURA BASA

Menawa nitik tegesing tembung, rura basa
iku ateges basa kang rusak.

Dene kang dikarepake rura basa iku basa kang
wus kelantur-lantur, wis ora bisa dibenera-
ke maneh, jalaran wis lumrah, kaprah ing ma-
syarakat, kayata:

- | | |
|--------------------|----------------------|
| 1. nyumed lampu | 7. ngrageni tape |
| 2. olah selat | 8. mikul dhawet |
| 3. maesi penganten | 9. adang thiul |
| 4. meresi santen | 10. ngliwet ketan |
| 5. nggodhog juruh | 11. nguleg sambel |
| 6. kelan bothok | 12. ndondomi kathok. |

V. TITI TEMBUNG, TEMBUNG ANDHAHAN (1.5.2.)

A. Isenana nganggo tembung andhahan kang ater- ater sa !

1. Dhek sekolah ing SD, aku karo Sumarna ...
2. e padha kerig lampit nonton wayang.
3. Wong padha kerja bakti gawe kre-
teg gantung.
4. Waduh, waduh tumane gedhene.
5. Ndhudhuka jugangan kanggo wadhab
uwuh.
6. Dohing desa Kranggan saka kene ana
7. Aku lan Tarsa nalika ana ing Asrama.....
8. Aku nempil jambune bae.
9. Olehe dolanan dikungkun e.
10. Nyambut gawe aja dhewe.

- | | |
|--------------|--------------|
| a. kober | f. meter |
| b. bubar | g. gajah |
| c. lawe | h. desa |
| d. kamar | i. anak bojo |
| e. pandeleng | j. kelas |

B. Isenana nganggo tembung bawama !

1. Degane wis ~~lunawuh~~ buntut.
2. Tukua pitik sing lima bae!
3. Peleme wis, tukua gula lombok kana, ayo rujakan !
4. Pak Wangsa katon gambira, parine wis,,, mung kari panen bae.
5. Piyike wulune lagi ~~bumitong~~ durung bisa ~~na~~ bur.
6. Dadi bocah mono ora prelu....., kaya pinter-pintera dhewe.
7. Mas Sastra kae karepe apa-apap arep dirampungake dhewe.
8. Bu Warni pancen ~~sumarah~~, aku kowe iki dianggep sanake tenane
9. Nyatane ora duwe bae dadak ~~sumugeh~~ bok uwis apa anane bae.
10. Le, bok aja ~~gimags~~ noleha githokmu, delengen rupamu !

VI. WARNA BASA (1.7.1.)

A. Kramantara (Krama lugu)

Ukara-ukara iki kramakna !

1. Tekaku rada kasep, mengko pethuken !
2. Aku arep nyilih sepedhahmu.
3. Mbakyumu apa ana ngomah ?
4. Adhine arep melu lunga.
5. Yen prelu dakterake.

6. **Bukune wenehna adhimu bae !**
7. **Tak-kira ora bakal nangis.**
8. **Malah dadi lan senenge.**
9. **Temenan lho, cobanen !**
10. **Menawa kesel rak meneng dhewe.**

B. Pratelan tembung krama desa sawetara iki, waspadakna, sabanjure ora prayoga dianggo.

kedhele	:	kedhangsul	kacang	:	kaos
kwali	:	kwangsul	jagung	:	boga
mori	:	monten	tembako	:	santun
kori	:	konten	sagelo	:	sagenten
ratan	:	radosan	wedi	:	wedos

VII. TITI UKARA (1.6.)

WARNANING UKARA (RAGAM KALIMAT) (1.6.2.)

1. Ukara tanduk (aktif)

Ukara tanduk yaiku manawa jejer nindakake samubarang gawe.

Tuladha:

Sarman ndadani pager.
Amir maca koran.

2. Ukara tanggap (pasif)

Ukara tanggap yaiku menawa jejere nadhang (dipatrapi)

Tuladha:

Pagere didandani Sarman.
Korane diwaca Amir.

Coba ukara-ukara tanduk iki dadekna tanggap!

1. Karman mbeleh babon.
2. Pak Karta meceli kayu.
3. Aku nggadho tahu goreng.
4. Kowe nyaponi jogan.
5. Dheweke uwis marut krambil.
6. Jagal nrimpung sapi.
7. Pak Guru mulang murid klas I.

VIII. MACA TITI

A. Wacanen !

CINDHE LARAS II

Lakune tawan-tawan tangis, kelunta-lunta,
paran-paran ora karuan kang dijujug, amung man
lakuning sikil, munggah gunung, mudhun jurang.

Bareng tekan tengahing alas, lakune kesaping wengi, nuli leren, ngasokake salira. Kawet tembunge ngaruhara:^{sampur}

"O, ya Talah temen awakku.

E, ora liya ya pasrah marang Gusti kang ha Kawasa.

Yen ta wis kinarsakake ing Pangeran, muga awakku dimangsa kewan galak, dadi cu thel lelakonku."

Sajroning sesambat iku, kaya-kaya ana pitu duh, supaya sang Dewi nglumpukake pang-pang, rencikan, ditataa ana sela-selaning wit-witan, kena kanggo ngeyub. Sang Dewi banjur nindakak pituduh mau, munggah tumangsang ing papan kan wis tinata.

Ing wanci bengi kewan-kewan galak wis padhi metu saba golek mangsan.

macan : nggereng, gero-gero

asu ajag: mbaung

manuk kolik padha sesauran.

Atine sang Dewi wis entek, kari samenir, kuwati banget, tingale merem melik. Gagasane warna-warna, kawetu tembunge, "Baya iki pecating nyawaku O, iya wis mangsa borongga, sumangga Gusti!"

Suwaraning macan saya katon cetha, saya cetha. Sang Dewi mringkus salirane, ora obah-obah

Temenan macan nyedhaki ana ngisore, Atin sang Dewi wis entek, kaya-kaya ora bisa ambegan Nanging kaelokaning kaanan, macan ora nggangg

gawe, malah njaga kaslametaning sang Dewi, nganti byar ora ana apa-apa. Macan bali mlebu menyang grumbul maneh. Sang Dewi gumun, dene kaelokan kaya mengkono, mula kang iku nuli ngaturake panuwun marang Gusti kang Maha Kawasa, dene tansah pina-ringan wilujeng. *slamet*

Kaya mengkono iku sugenge sang Dewi Limaran ana satengahing alas. Dene kang didhahar amung woh-wohan sarta gegodhongan, wulu wetuning alas saanane bae.

Bareng wus tekan leke,

Ing wayah bengi nalika sang Dewi Limaran pinuju sare, oleh wangsit, katekan ing dewa, ujare:

"Nini, ndadekna sumurupmu,
sadhesa maneh sira bakal nglairake jabang
bayi, miyos kakung, kang iku jenengna Cindhe Laras.

Iya Cindhe Laras iku kang bakal agawe mulya.
Wis Nini karia *slamet* !"

Sanalika Dewi Limaran gragapan tangi, ing kono wis kindepung ing para widadari kang bakal suka pitulungan. Kaanan iki kelakon; ora suwe jabang bayi lair lanang, kaupakara dening widadari, sarta uga tinengaran Cindhe Laras. *Dioper*

Kocapa ing sajroning alas kono, ana raksesa kang galake ngedab-edabi. Panggandane landhep banget, ucape:

"Ih, ih, iki aku kok mambu gandane manungsa, ana ngendi dununge, coba dakgolekane. Dhasar aku wis luwe."

Temenan raksesa mau niling-nilingake suwara tangising bayi kang nembe lair. Bareng tangise cetha wela-wela, bayi kang nembe lair mau diparani, lan tinemu ana pangkoning biyunge.

Sanalika bayi mau banjur dirangsang, direbut digawa lunga arep dimangsa.

B. Pitakonan iki wangsulana !

1. Coba kandhakna lakune Dewi Limaran !
2. Dewi Limaran olehe sare ana ngendi ?
3. Ing alas kono akeh kewan galak, ngretimu saka ngendi ?
4. Dewi Limaran apa bisa sare, sababe apa ?
5. Apa ana kewan kang ngganggu gawe ?
6. Lha manawa ora ana, kewan galak mau ngapa .
7. Dewi Limaran oleh wangsit apa ?
8. Wangsit iku apa iya klakon ?
9. Nalikane bayi lair kawruhan sapa ?
10. Wusanane bayi iku dikapakake ?

C. Tembung-tebung kang angel

tawan-tawan tangis	= mlaku/mlayu karo nang
kalunta-lunta	= kesasar-sasar
kesaput ing wengi	= ketutupan/kalingan weng
ngaruhara	= susah banget, kuwur
merem melik	= ora bisa turu kepenak
ngganggu gawe	= gawe piala, nyalahi
wulu wetu	= pametuning palemahan
tekan leke	= wetu lairing jabang bay
wangsit	= pituduh (saka dewa)
mulya	= luhur, kacukupan uripe
kinepung	= diubengi
sambe kala	= alangan
ngedab-edabi	= nggumunake
dirangsang	= diranggeh

IX. TULISEN AKSARA JAWA

jadah putih rada gurih
saka sawah oleh susuh
aku weruh thole gumoh
Ratih weruh winih akeh.

WULANGAN 4

I. WICARA

GENDER A BANG PUTIH

P.Guru : "Pak Karta!

Benjing tanggal 16 dumugi 18 Agustus kula aturi masang Gendera dalam umbul-umbul, kados padatan nggih. Wiwit en-jing!"

P.Karta : "Nun inggih !

Rak gendera Merah Putih ta, kaliyan ingkang warni-warni punika ta Pak Guru?"

P.Guru : "Inggih!

Rak boten kesupen ta ?"

P.Karta : "Boten!

Pak Guru, nuwun sewu, keparenga nyuwun priksa."

P.Guru : "Inggih, punapa ?"

P.Karta : "Merah Putih punika rumiyin punapa sampun wonten ta ?"

P.Guru : "O, punika mekaten inggih, rumiyin jaman Majapahit sampun wonten. Dene wujudipun inggih abrit kaliyan pethak. Dipun wastani gendera 'Gula-klapa', ngantos sapriki tetembungan punika taksih kesrambah."

P.Karta : "Eng mekaten tal

Punapa kepareng kula nglajengaaken pitaken ?"

P.Guru : "Mangga, kengang-kenging kemawon."

P.Karta : "Merah Putih punika ngemu suraos punapa?"

P.Guru : "Punika mekaten, abrit wirasatipun wani,

kendel. Dene pethak, wirasatipun resi murni, suci. Dados nggadhahi makna, b
lih Indonesia nggadhahi wewaton wa
karana leres, resik, suci.

P. Karta: "O, inggih!

Menawi mekaten kita punika boten ke
nging grusa-grusu waton wani kemawon,

P. Guru : "Lha inggih mekaten, kedah mawi waton
leres, resik, suci. Cetha, inggih?"

P. Karta: "Matur nuwun ! Cetha sangat."

II. TITI SWARA

A. KONSONAN JAWA (1.1.2.)

1. konsonan lambe (labial = bibir) : p, b, m
2. konsonan untu (dental = gigi) : t, d, (i)
3. konsonan cethak(palatal) : c, j, ny
4. konsonan tenggorokan (guttural) : k, g, ng
5. konsonan ilat (lingual) : th, dh, n
6. konsonan ilat kedher : (l), r
7. semi konsonan : w, y
8. konsonan ngeses. (desis) : s
9. konsonan napas (hembus) : h

B. GOLONGAN FONEN k

Ucapane rong warna, yaiku:

1. Ing wiwitaning wanda kaucapake sampurna.
Upama : kacang, kembang, kaku.

2. k sigeg ora kaucapake sampurna.
Upama : getak, esuk, golok.

k sigeg diucapkake sampurna tumrap tembung
panguwuh, upama: klothak, klethek, klethel

Coba tembung-tebung iki ucapna kang cetha !

kaca	pakel	gethek	rakyat
kara	mokal	pathak	makna
kikis	kuldi	golek	cethik
sakit	kembar	bengok	menek
buku	kampung	serik	tekek

III. GUDHANG TEMBUNG / KOSA KATA (1.5.3.)

A. MILIH TEMBUNG KANG MATHUK

Ukara-ukara ing ngisor iki ganepana mawa tembung kang ana sajroning kurung, pilih-en kang mathuk! (krama lugu)

1. Wingi kula bal-balang wonten ing alun-alun. (sumerep, ningali, mriksani, ndeleng)
2. Anggen kula tuwuk sanget.
(dhahar, nedha, nedhi, mangan)
3. Sampeyan punapa purun kula gandum ?
(paringi, caosi, sukanan, aturi)
4. Kula boten tumut, margi nembe kemawon.
(kesah, tindak, jengkar, ameng-ameng)
5. Mas Sarna nembe kemawon, kula aturi nututi.(kesah, tindak, jengkar, ameng-ameng)
6. Anggenipun sampun katog.
(sare, bobuk, tilem, nglekar)
7. Menawi ngelak prayogi
(mimik, ngunjuk, nginum, ngombe)
8. Mbak Tarni menawi namung sakedhap, cœpet rampung.
(dandan, dandos, busana, ngagem busana)
9. Mangga ngriki, jejer kaliyan kula !
(linggih, lenggah, pinarak, njagong)
10. Sampun ing ngriku ta, mindhak damel pesing.(sene, nguyuh, toyan, turas)

B. DASA NAMA

- (DCL)*
1. gunung : redi, ardi, arga, wukir, ancala, wata, giri, aldaka, himawan
 2. geni : latu, brama, grama, dahana, pawak agni, behni
 3. gawe : karya, kardi, damel, karti, yasa
 4. gajah : liman, esthi, dirada, dwipangga, pangga, samadya
 5. kowe : sampeyan, panjenengan, andika, si
 6. kaya : kados, kadi, lir, pendah, kadya, yah, pindha.
 7. kethek : rewanda, kapi, wre, wanara, palwa bedhes, juris
 8. kebo : maesa, danu, mundhing
 9. lemah : kisma, bantala, siti, pratala, prati
 10. langit : akasa, gegana, antariksa, awiyat, yati, jumantara, dirgantara, widik, tawang

C. HOMONIM

Coba tetembungan kang digaris ngisore iki k
priye tegese ?

1. a. Bapak lagi ngedegake saka.
b. Kowe saka ngendi ?
2. a. Kendhangane Pak Sura ngaplak, mula ta k
njoged nleter, semangat.
b. Kupinge Abas ditampeg, kendhangane pecah
3. a. Wulune daraku mbrundhuli.
b. Wulune aja kaya pepet, cilikna !
4. a. 12 + 18 gunggung 30
b. Aja gunggung dhiri, mundhak digethingi
wong akeh!
5. a. Kayu legi iku manawa digawe gambang, suw
ne bisa laras temenan.
b. Wedange legi banget.
6. a. Sukune kedawan, rada dicendhaki bae.
b. Sukune dakijoli dhuwit receh, gawanen mre
7. a. Jarite sidakmukti babaran Sala.

8. a. Anggenipun pejah, margi sakit.
 b. Griyanipun Ali pinggir margi.
9. a. Di enggal mlayua mrene, mundhak selak kecan-dhak !
 b. Rasukanipun dhik Haryati enggal.
10. a. Kula ndherek Pak Gedhe sampun kraos.
 b. Cobi dipun kendelaken kemawon, kraos punapa boten !

D. MILIH TETEMBUNGAN BANGUN

Ukara iki rampungna nganggo tembung kang wus cumawis ing sisih tengen !

- | | |
|---|--------------------|
| 1. Rakyat padha tumandang gawe mbecikake uesa. | a. bangun-an |
| 2. Wayah esuk kira-kira jam 04.00 - 05.00 iku diarani | b. ilmu ba-ngun |
| 3. Saiki menawa omah, ora ke-wuhan, prabot,matrial gampang go-lekane. | c. mbangun wacana |
| 4. Pak Setra olehe omah-omah wis sa-wetara taun durung duwe turun,sa-iki ..., supaya diparingi putra. | d. mbangun turut |
| 5. Pak Sastra Culika wingi digugat , marga tumindak ora bener utawa malsu teken. | e. mbangun tapa |
| 6. Sampeyan Dalem Ingkang Sinuwun tindak menyang Mancingan perlu ... | f. mbangun tandha |
| 7. Bocah kok ora nggugu pituturing wong tuwa, ambok iya sing | g. mbangun ningkah |
| 8. Pak Darma nusuli gugatan jalaran anggone kurang sarate | h. mbangun |
| 9. SMP bagian B biyen diwulang saiki diwulang matematika. | i. bangun esuk |
| 10. Layang Rama iku yasane Kyai Yasadipura. | j. bangun |

q

D Geometri

C Ngajolahé gegatah

D Nggugu/Manté dawuh

E Ngajoloni sapé

G Nganjalahé ngajolahé nihilah

H Mbudhingun

I Taengi tsuk

J Taengi kbang bu

E. ISTILAH

Cecukulan kang godhonge ana arane.

aren	:	dliring	turi	:	pethuk
asem	:	sinom	tela	:	jlegor
iler	:	sisik bang	wuni	:	pojar
cipir	:	cethethet	lempuyang	:	lirih
randhu	:	baladewa	lombok	:	sabrang
kacang gl	:	lembayung	pring	:	larmanyura
kacang br	:	rendeng	jarak	:	bledheg
krambil	:	janur, blarak	jambe	:	dedel
kelor	:	limaran	mlinjo	:	so
kimpul	:	lumbu	gedhang	:	ujungan

F. NGISENI TEMBUNG

Natur nuwun. Cetha sanget.

Cetha sanget iku kena ditembungake cetha wel wela.

Tembung iki terusna supaya dadi tembung timbang / padan kata kang teges bangetake!

peteng	surup	mubeng
padhang	garing	ajur
panas	sugih	rapet
pait	sepi	tumplak
teles	cilik	mlarat
bunder	asat	cebola

IV RENGGA BASA (1.7.2.)

A. SALOKA

Saloka iku unen-unen kang gumathok sinamun ing upama, apa dene kang ngemu rasa piridan.

Upama: Edom sumurup ing banyu.

Tegese arep nyumurupi kekarepaning mungsuh utawa liyane, nglakokake utusan utawa nyadulur marang kang bakal disumurupi mau, kang ora ngetarani, kadi dom ana ing banyu.

Coba saloka dalah maknane iku tatanen mu-
rih mathuke.

- 1. Saur manuk. j
- 2. Nucuk ngiberake. l
- 3. Emprit abuntut bedhug. t
- 4. Tekek mati ing ulone. g
- 5. Cocak nguntal elo. f
- 6. Asu arebut balung. E
- 7. Uyah kecemplung saga-
ra. D
- 8. Legan golek momongan. c
- 9. Dhayung oleh kedhung. B
- 10. Nyolong pethek. L

- a. Samubarang kang tinggal majad(ora samessthine)
- b. Wong duwe pengang-
kah oleh dalan
gampang.
- c. Wong kang kepenak
kumudu golek pega-
wean kang angel.
- d. Weweh marang wong
sugih (gawe becik)
kang tanpa pikoleh.
- e. Arebut barang kame-
likan sepele, ora
urub kang dipadu.
- f. Samubarang kang
nglengkara.
- g. Wong kang bilai sa-
ka wicarane dhewe.
- h. Samubarang wiwitane
cilik,wekasane da-
di gedhe.
- i. Wong mretamu disu-
guh ulihe mbrekat.
- j. Jumurunge wong akeh
padha nyauri iya

B. PEPINDHAN

Pepindhan iku tetembungan utawa unen-unen dipadhakake utawa katandhing-tandhing, dadi ngemu emper-emperan.

Pepindhan iku lumrahe nganggo diuluk-uluk tetembungan: kaya, kadi, lir, pindha lsp. Utawa dipratelakake sarana rerimbaganing tembung ater-ater anuswara.

Upama:

Abange kaya dluwang.

Coba pepindhan padinan iki rampungna !

Anggepe kaya	Gedhene kaya
Akehe kaya	Galake kaya
Ambune kaya	Jembare kaya
Ambranyak kaya	Kecute kaya
Ciyut kaya	Kesite kaya
Dawa kaya	Mangan kaya
Dirajang-rajang kaya		Mleruk kaya
Diiris-iris kaya....		Polahe kaya
Ndomblong kaya	Ramene kaya
Gandane kaya	Jerone kaya

V. WARNA BASA (1.7.1.)

NGOKO ANDHAP

Basa ngoko andhap iku kabedakake dadi rong golongan, yaiku:

1. ANTYA BASA

2. BASA ANTYA

Dene kang isih tumindak antya basa.

Basa iku dienggo sapa bae kang tangkepe wis raket ngoko-ngokonan, nanging isih padha ajen-ingajenan.

Dene titikane basa ngoko antya basa iku:

1. tembunge ngoko kacampur krama inggil kang mratelakake ngajeni.

2. - ater-ater: dak, kok, di lan panambang: ku, mu, e, ora dikramak ake.

- kowe dadi sliramu (kaprenah enom)
panjenengan (kaprenah tuwa)

Tuladha:

1. Sliramu apa ora tindak kantor ?
2. Mas, aku nyuwun ngampil sepedhane.
3. Panjenengan apa kersa bakso ?
4. Panjenengan taksuwun rawuh.
5. Pitike apa arep kok pundhut ?
6. Yen dikersakake sumangga.

Coba ukara-ukara iki gawenen kaya mangkono !

1. Dhik, kowe apa ora lunga?
2. Dhik, mangana dhisik !
3. Mas, apa kowe gelem sega goreng ?
4. Mas, kowe ngombea dhisik !
5. Kowe apa ora mulih menyang Sala ?
6. Kowe apa arep tuku bakal ?
7. Apa kowe arep adus ta ?
8. Jase Mas Kardi durung dienggo.
9. Kapan anggonmu ngedegake omah.
10. Apa kowe ora numpak bis bae ?

Pratelan tembung krama inggil.

lunga	= tindak	ngombe	= ngunjuk
gelem	= kersa	adus	= siram
mangan	= dhahar	enggo	= agem
mulih	= kondur	omah	= dalem
tuku	= mundhut	numpak	= nitih

VI. TITI TEMBUNG , PANAMBANG AN (1.5.2.)

Tembung-tembung kang oleh panambang an iku nduweni teges warna-warna, upama:

Adhiku lagi pasaran.

pasaran tegese tetironing pasar,
entha-enthaning pasar

Coba tembung wisesana lingga iku golekana te -
gese, (golekana sisih kiwa)

1. Yen pinuju grebeg Besar, Sam- | a. tetiron-
- peyan Dalem kagungan hajad | ing

- yasa gunungan.
2. Aku nyilih kukusan marang Ni-ni Kreta.
 3. Jarit parang rusak iku batikan Sala.
 4. Yen pinuju rembangan tebu Bp Mandhor sadina muput ora katon ana ngomah.
 5. Potlotku putungan.
 6. Bocah-bocah padha gojegan.
 7. Yen mlaku aja pincangan.
 8. Nini gawealalab mentahan.
 9. Enggonmu sabukan kurang kenceng.
 10. Wingi Pak Lurah wayangan.
- b. piranti v
c. mangsa
d. anggone
... ing
e. padha
dene
f. gampanq
g. padha k
ro ling
gane,
h. reka-re
i. nanggap
j. nganggo

VII TITI UKARA (1.6.)

DHAPUKAN UKARA (1.6.1.)

- Tuladha: Kula wau sampun nedha.
 didhapuk : - Wau kula sampun nedha.
 - Sampun nedha kula wau.
 - Wau sampun nedha kula.

Coba ukara-ukara iku gawenen kaya mangkono !

1. Kula mangke badhe kesah.
2. Kanca kula benjing-enjing badhe mriki.
3. Adhi kula kala wingi sampun sekolah.
4. Bapak wau sampun mriksani ringgit.
5. Larenipun wingi dereng mantuk.
6. Gendhuk mangke kedah ndherek wangsul.
7. Mendanipun benjing-enjing badhe kasade.
8. Listrikipun mangke sonten sampun murub.
9. Bukunipun wingi sampun dipun wangsulaken.
10. Kula benjing emben saestu kesah dhateng Surabaya.

VIII. MACA TITI

A. WACANEN

KAMARDIKAN

Dumugi taun 1985 , kita sampun sami ngenyam kamardikan, dangunipun 40 taun, jebulipun boten gampil namung sinambi eca kemawon. Awit tanggal jawab kita saya awrat, jalanan kedah ngudi murih lancaripun tumindaking parentahan ingkang mahnani utawi mujudi wohing kamardikan, tata tentrem, karta raharja, adil makmuring praja.

Kita kedah tansah enget, bilih negari kita Republik Indonesia punika awewaton Pancasila, anggadhahi landhesan "Demokrasi", kita kedah ngenegeti menawi tuwuhipun kamardikan wau saking rakyat, panguwaos wonten tanganing rakyat, liripun thek-kliwering pranatanipun praja katata rakyat piyambak lumantar Perwakilan.

Mila sumangga sami kagayuha, rumaganga ing damel murih lajuning negari, ingkang tundonipun rakyat sami ngraosaken saha ngenyam nikmating kamardikan ngungkuli ingkang sampun.

Tabet-tabet kasangsaran jaman penjajahan kedah dipun singkiri. Para rakyat anem sepuh ngretosa kawajibanipun piyambak-piyambak, fumut tanggal jawab sedayanipun.

Pancen nyata kemajenganipun bangsa Indonesia kenging dipun wastani laju, upaminipun:

- Katitik saking kathahing tetumpakan, njalari rejaning margi-margi. Tundonipun saged ndadesi lan miyaraken margi.

- Malih, pembangunan gedhong sekolah-sekolah, pabrik-pabrik, bendungan lsp.

Punapa malih ber budinipun bangsa Indonesia

kados sampun kawentar, omber dana driyahipun. Mj la ingkang punika anak putu kaajab sageda lang kung premati, nastiti saha ngatos-atos, bilih ka mardikan saha kadhaulatan pantes dipun gegesan sarana jiwa miwa tindak-tanduk ingkang nyata mu rih indhaking kamajenganipun bangsa sarta negari

B. Pitakon-pitakon iki wangsulana !

1. Nganti tahun iki kamardikaning bangsa Indo nesia wus wetara pirang taun.
2. Apa gampang ta merdika kuwi ?
3. Rakyat Indonesia tanggung jawabe kepriye ?
4. Waton lan landhesan negara RI iku apa ?
5. Negara Demokrasi iku kepriye ?
6. Supaya negara bisa laju, kita kudu kepriye
7. Pembangunan Indonesia laju, coba sebutna ing babagan apa bae sing kok ngreteni ?

C. Tembung-tembung kang angel.

1. mahanani = nyasmitani, nerangake, mratan-dhani.
2. awewaton = pathokan, paugeran, pranatan
3. thek kliwer = kiwa tengen, sakabehing pre-kara
4. laju = terus, banjur, maju
5. kagayuha = kaaraha, kajangkaa
6. tundonipun = wekasan, temahan
7. tabet = tilas, tapak
8. omber = isih jembar
9. kawentar = kasuwur, kondhang
10. dana driyah = sumbangan, pambiyantu
11. kaajab = diarep-arep, dipujekake supaya becik, kanthi temen-te-men

IX. AKSARA JAWA

Wacanen kang petitis !

सोमिं शुभार्थ ए अग्रह
एं तो ग्रहण करा अं अग्रह
कराह अ वृह वाह्य वाह्य ए अग्रह
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य

सोमिं शुभार्थ ए अग्रह
एं तो वाह्य वाह्य ए अ वृह
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य
वाह्य वाह्य ए अ वृह वाह्य

၁. အာရုံကြန့်ကျင်းမှုများ
လေပါရသနတိအားလုံးများ
တော်လိုဂ်ဘရဲ့ မှာမူရသန
စက္ကာလိုဂ်ဘရဲ့ မှာမူရသန

၂. အောင်လှမ်းမြှော်နည်ညည်၊
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
မှာမူရသနတိအားလုံးမှာမူရသန
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့

၃. ၎င်္ဂလာ၊ ကိုယ်၊ မောင်၊ သင့်၊ သင့်
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့
သရွာ့နှေ့ကရွာ့ သီဆိုတော်လိုဂ်ဘရဲ့

PIWULANG 5

MARTAMU

I. WICARA

P. Amad : "Kula nuwun !"

Bapak : "O, Pak Amad.

Mangga, mangga Pak Amad,
Lenggah rumiyin Pak !"

P. Amad : "Inggih."

Bapak : "Ngaturaken sugeng."

P. Amad : "Pangestunipun. Kosok wangslipun ?"

Bapak : "Semanten ugi wilujeng.

Punapa Pak wigatosipun ? perlu apa
lucu

P. Amad : "Pak Guru sowan kula mriki, sepisan tuwi
kawilujengan, dene kaping kalihipun
wonten prelunipun sekedhik."

Bapak : "Punapa ?"

P. Amad : "Inggih, saderengipun nyuwun pangapunten,
mbok bilih Pak Guru menggalih saha ngres-
sakaken, tuwin taksih betah, kula ga -
dhah dagangan, sumangga kula aturi mun-
dhut !"

Bapak : "Dagangan punapa Pak Amad ?
Kok njanur gunung, kadingaren."

P. Amad : "Kula punika rak dipun titipi ingkang ra-
yi, dagangan sepedhah."

Bapak : "Sepedhah punapa punika ?"

P. Amad : "Sepedhah jengki. E, inggih menawi cocog
kagem ingkang putra."

Bapak : "Inggih kelerasan mangke menawi cocok,
taksih sae punapa Pak?"

- P. Amad : "Wah, taksih..... tanggel kula, mangke menawi awon kula aturi nemuhaken!"
- Bapak : "Gek reginipun pinten Pak ?"
- P. Amad : "Cobi kula aturi mriksani rumiyin. Ana rega ana rupa !"
- Bapak : "Inggih cobi, kula aturi ngasta mriki!"
- P. Amad : "Inggih. Nuwun sewu. Kepareng rumiyin. Nuwun."
- Bapak : "Mangga, ndherekaken !"

II. TITI SWARA

FONEM k (.l,l,2,)

a. Fonem k panyigeg wanda iku yen kasusul lan t, diucapake sampurna.

Tuladha: paksa, bakti

b. Fonem k panyigeg wanda yen dipurwakan pe pet, diucapake sampurna.

Tuladha: buthek, uthek, klethek

Manawa kasusul penambang: i, en, e lsp isih sampurna.

Tuladha: buthek - butheke
klethek - klethekan

Coba tembung-tebung iki wacanen kang cetha !

a.	priksa	maksih	mukti	rekta
	beksa	taksih	sakti	bekta
	yaksa	biksu	bukti	rukti
	siksa	peksa	waktu	maktal
	muksa	jaksa	dhokter	samekta
b.	ubek	- ubeken	apek	- apeke
	udhek	- udheken	jejek	- jejekana
	mulek	- mulekan	ucek	- ucek,
	bulek	- bulekana	urek	- ureken
	busek	- buseken	putek	- puteka

III. GUDHANG TEMBUNG / KOSA KATA (1.5.3.)

A. NGISENI TEMBUNG KANG KURANG

Ukara iki rampungna sarana tetembungan juru !

1. Kemiri gedhe kang gegere nglingir diarani ...¹⁰
2. Wong kang pinter memethek sarana ngelmu pa -
lintangan diarani⁹
3. Prajurit dipantha-pantha manut pepangkatane,
yaiku digolongake sa....⁸
4. Wong kang nglantarake paguneman wong sing pa-
dha dene ora ngreti basane diarani⁷
5. Tukang adang diarani 6...
6. Lurahing pandhe iku diarani⁵
7. Wong kang pinatah ngreksa pakuburan/papan
kramat diarani⁴
8. Tukang nglakokake prau diarani³
9. Tukang nambangake diarani²
10. Carik iku kena ditembungake¹

1 juru tulis	6 juru dang
2 juru tambang	7 juru basa
3 juru mudhi	8 sajuru-juru
4 juru kunci	9 juru nujum
5 juru gusali	10 kemiri juru

B. NGETRAPAKE TEMBUNG NUNGGAL MISAH

Tembung nunggal misah ing sisih kiwa iki
trapna ing ukara sisih tengen!

- | | |
|---|-----------|
| 1. Ing mangsa bedhidhing rasaning awak
..... banget. | a. adhem |
| 2. Banyu sendhang luwihtinimbang
banyu kali. | b. anyep |
| 3. Jrambahe marga mentas keban-
jiran. | c. anyes |
| 4. Siti sabubare mangan semangka we-
tenge rasane | d. njekut |

- | | |
|--|---------------|
| 5. Awakku tenan, angine sumbit. | e. kekes |
| 6. Apa ora jeneng glugu kok ngepang | f. nylenge |
| 7. Wah ana lintang tiba ing Prambanan. | g. nglengkara |
| 8. Panyuwunanmu yen diparengake, lha wong prabote kurang ganep. | h. langka |
| 9. Kandhame iku aku ora ngandel. | i. elok |
| 10. Kowe kuwi wong bocah cilik kok digawekake klambi KORPRI, dumeh bisa tuku bakal bae. | j. aneh |

C. TEMBUNG TIMBANG (PADAN KATA)

Tembung ing ukara iku rampungna supaya dadi tembung timbang.

1. Nik, kowe kuwi sore ~~entuh~~ kok wis mapan turu, ambok iya nyekel buku dhisik !
2. Desane ora tentrem, mula iya ora mokal manawa surup bae wis kancingan lawang.
3. Esuk ~~wihute~~ kok wis nagih utang, iku rak nyebel-nyebeli ngono. ~~tergah wengi~~
4. Kebangeten Ja, bengi kok lagi mulih, gek dolan menyang ngedi bae ta ?
5. Bedhug ~~bawas~~ aja adus, gampang masuk angin !
6. Nganam klasa sasore ~~bendhe~~ kok salembar bae ora rampung.
7. Mar, sakesuk ~~nypluk~~ kok ora katon kuwi gek do lan menyang ngendi ?
8. Bapak olehe ~~misaya~~ iwak sawengi ~~setas~~ ^{mung} mung oleh sakepis, lha wong angine bolak-balik.
9. Gwunun aku, bocah sadina ~~mlana~~ kok ora kena dicandhak buntute.
10. Bok iya kok goleki setaun ~~ngeluh~~ yen ketemu, lha wong barangsih wis tekan Jakarta kok.

D. TEMBUNG RAKETAN

Tembung raketan ing ngisor iki bisa mujudake aran. Tuladha:

kembar mayang iku araning rerenggan penganten kang ana ngarep krobongan

Coba tetembungan iki araning apa ?

- | | |
|-----------------|------------------|
| 1. kupu tarung | 6. randha royal |
| 2. naga sari | 7. kebo giro |
| 3. uler kaget | 8. lanjar ngirim |
| 4. pacul gowang | 9. tapak belo |
| 5. gagak rimang | 10. putri mandhi |

E. SINONIM

Tembung kang ngisore digaris iki golekana tembunge liya, utawa terangna tegese !

- | | |
|--------------------------------------|---------------------------------|
| 1. wong <u>utama</u> <i>aplikasi</i> | 11. duwe <u>pakaryan</u> |
| 2. <u>prayogane</u> ngakua | 12. ngunekake <u>gentha</u> |
| 3. dhawah ing <u>bantala</u> | 13. <u>gentur</u> tapa |
| 4. potlote <u>bujel</u> | 14. <u>gilang-gilang</u> layone |
| 5. omah <u>bubrah</u> | 15. nglumpukake <u>gragali</u> |
| 6. <u>wekasane</u> lulus | 16. aja <u>gumunggung</u> |
| 7. ngambah <u>dalan</u> | 17. nyilih <u>irig</u> |
| 8. bocah <u>delap</u> | 18. <u>yayah</u> wibi |
| 9. <u>jenenge</u> sapa | 19. <u>yasa</u> dalem |
| 10. nyilih <u>jidharan</u> | 20. sare ing <u>kanthil</u> |

IV. TITI TEMBUNG (1.5.)

A. TEMBUNG ANDHAIAN (1.5.2e)

Tembung-tembung kang dikurung ing sajroning ukara iki dadekna tembung andhan !

1. Ambok bilih taksih (betah) nyamping sida - mukti, kula taksih gadhah, kapundhuta !

mabetahaken

2. Aku ndherek mbakyu ana ing Jakarta tak (betah) betah abe
3. Ayo, Ja, (betah) betahan melek.
4. Senajan rekasa, ndherek priyayi mengkono lu, wih becik (betah) di betah & abe
5. Ya nrima bae pira (betah) mengko rak nyanak, nyanak dhewe.
6. Sliramu menawa sida (butuh) dhuwit, matura Bapak, mumpung ana ing dalem.
7. Yen nitik (butuh), dhuwit semono iku durung cukup.
8. Yen (butuh) abe bae lagi gelem mara, mbok iya ngelingi yen lagi deduwe kae.
9. (butuh) pira ta, enya dhuwitku silihen !
10. Kaya ora (butuh) mana, barang kaya ngene te, ka ditampik.

B. TEMBUNG PANGGANDHENG

Tembung panggandheng iki trapna ing ukara !

- | | |
|---------------------------------------|----------|
| 1. Kula, Darna Tarja dipun tim- | a. lan |
| bali Pak Guru. | |
| 2. Trekahmu iku njalari patine. | b. tuwin |
| 3. Sapuluh lima ana limalas | c. sarta |
| 4. Kaluhuran kaluwihan iku gam - | d. lan |
| pang sirnane. | |
| 5. Bapak sampun kula aturi maos.... | e. kali- |
| napak asmani serat punika. | yan |
| 6. Kula mas Sarna kesah dhateng | f. saha |
| Jakarta. | |
| 7. Aku Tana iku tunggal embah. | g. dalam |
| 8. Pak Lurah putra wayahipun | |
| plesir dhateng Sriwedari. | h. karo |
| 9. Ibu, Bapak lenggah ing ngarepan , | i. dene |
| aku ana ing buri | |

V. TITI UKARA (1.6.)

WARNANING UKARA (1.6.2.)

Manawa nitik anane jejer lan wasesa, ukara iku warna-warna, upama:

A. Ukara kang umum (versi)

karepe dhapukane dumadi jejer lan wasesa.
Tuladha:

<u>Omahe gedhe.</u>	<u>Mejane bunder.</u>
j	w

B. Ukara kusus (inversi)

karepe dhapukane dumadi wasesa lan jejer.
Tuladha:

<u>Kabur kabeh korane.</u>	
w	j
<u>Nangis tenan adhine.</u>	
w	j

Coba ukara ing ngisor iki aranana endi ukarane. versi utawa ukarane inversi !

1. Nuli mlayu malinge.
2. Malinge nuli mlayu.
3. Kabur kabeh korane.
4. Korane kabur kabeh.
5. Nangis gero-gero adhine.
6. Nggeguyu batine.
7. Batine nggeguyu.
8. Mejane pesagi dawa.
9. Empere wis bubrah.
10. Ompong kabeh untune.

VI/A. WARNA BASA(1.7.1.)

KRAMANTARA

Coba ukara iki salah, benerna manut unggah-unggah kramantara (krama lugu) !

1. Inggih mas kula kersa.
2. Kula badhe tindak rumiyin.

kesab

3. Kula boten kober **dhahar**. *dhahar*
 4. **Sare** inggih boten saged. *tilem*
 5. Kula tak-kondur **riyin**. *martsuh*
 6. Nalika kula **rawuh**, jenengan boten wonten.
 7. Mangga mas kula paringi unjukan.
 8. Benjing emben titihan kula badhe kula sade,
 9. Gendhuk sampun boten muwun malih.
 10. Kala wau dipun dandosi **mbakyu**.

B. RENGGA BASA (1.7.2.)

KERATA BASA

Kang diarani tembung kerata basa iku karepe bab' negesi surasaning tembung awewaton asal mula bukane, lumrahe kapirid saka wewancahane, dijupuk sunduk prayogane. Kayata:

tuwa kapirid saka untune wis rowa,
ngenteni wetuning nyawa

Kerata basa iku ngemu tembung plesedan utawa blenderan, mung kanggo lelucon bae. Satemene negesi cara iku ora bener, tanpa waton kang gumathok.

Tuladha liyane,

tepas	= titip napas
kutang	= sikute diutang
kodhek	= teka-teka ndhodhok
wilwa	= bubar dijawil digawa
garwa	= sigaraning nyawa
Desember	= gedhe-gedhene sumber
Januwari	= hujan sehari-hari
guru	= digugu lan ditiru
tarub	= ditata amrih murub (gumebyar)
janur	= hujan nur (sorot)
sruwal	= saru yen nganti uwat
gedhang	= digeget bubar madhang
batur	= ngembat pitutur

sirah	: isi erah (getih)
tandur	: ditata karo mundur
bathuk	: ngembat barang kang mathuk
kathok	: olehe nganggo baka sithok
sepatu	: nek wis ndlesep ora bisa metu
wanita	: kudu wani mranata (bale omah)
bocah	: isih crobo ora kecacah

VII . MACA TITI

A. WACANEN

CINDHE LARAS III

Ana tengahing gegrumbulan bocah iku mrucut,
tumiba ing watu gilang.

"Prog,pyur," mankono suwarane.

Salungane raksasa Dewi Limaran sumaput, ke-kitrang ngalor ngidul, cincing-cincing sumedya nututi anake. Luwih-luwih bareng krungu suwara "prog .. pyur" atine wis entek, njerit.....sumaput maneh, nganti suwe ora eling. Pangirane menawa bayine mesthi mati dibanting dening raksesa.

"Hik, hik," mengkono suwarane bayi.

"Hakh, hakh, hakh "

"Hi, hik ! Hik, hik."

Ibune gregah ngrungokake suwara kang warna-warna iku, kok beda-beda, lan anggraита,
hakh genah suwarane buta,
hik cetha suwarane bayi.

Ing semu ngungun banget. Apa maneh bareng suwarane bocahé saya suwe saya gedhe, katon ngagor-agori. Saya suwe suwarane prag - prog, gereng-gereng, ditimbangi ngakak-akak, ndadekake entek-ing atine Dewi Limaran.

Suwara dadi gedhe tulislah

Babak ketiga
unike nlu - ketawa

Satemene kaanan iku, nalikane bayi mrucut ka panggegome raksesa, marga kecanthol ing ri bae bondhotan tiba ing tengah-tengahing watu gilang watune malah sumyur, bayi ora mati malah saya ku' wat mundhak gedhe.

Kang iku ndadekake nepsune raksasa, bayi di cindhak cek, dibanting pres. Dicindhak maneh di keplekake, plok, ewa semono bayine teges bae, malah angger dikeplekake saya mundhak gedhe lan rosa. Suwening suwe raksesa kuwalahan, kalah rosa, maylayu nggendring mlebu ing alas.

Dhek semana Cindhe Laras wis gedhe, wis bisa mrana-mrana. Ibune seneng banget. Cindhe Laras sregep ing gawe, bisa lan gelem mbiyantu bot re, pote ibune, rerencek kayu, golek godhong sarta ngangsu ora wegah. Saben esuk munggah gunung mudhun jurang, anusup angayam alas golek banyu, badane malah saya rosa, kiyeng katon gagah prakosa.

Kocapa nalikane lagi ngangsu weruh ana manuk gagak nggondhol endhog, nuli leren ngawe-awe, nembung, "E, manuk gagak, mandhega !

Apa ta kang kok gawa iku. Mbok ya dakepeke bae. Age wenehna aku, ta !"

Manuk gagak bareng krungu suwara mau, olehe mabur saya endhek, nglinteri Cindhe Laras, bareng tekan ing ngarepe, endhog diselehake alon-alon, ora pecah. Gagak banjur mabur kalangan maneh.

Ucape Cindhe Laras,

"Gagak kang becik atimu, banget panarimaku, dene kanthi lega ~~ngulungake~~ endhog. Wis ya padha andum slamet." menekali

Manuk gagak kekalangan saya kethip-kethip, wis ora katon maneh. Dene Cindhe Laras ngrampungake olehe golek banyu. Endhog digembol, bali menyang gubuge. Bareng wis tekan ing gubug mojar maring biyunge,

"Yung, yung, aku oleh endhog Yung!"

"Lho endhoge sapa?", wangsulane Dewi Liamaran,
"Ana ngendi olehmu nemu ?"

"Ngene kok Yung."

Nalika aku ngangsu mau kae, aku weruh manuk
gagak nggondhol endhog, banjur daktembung,
dakjaluk, kok-diwenehake, lha iki wujude,"
mengkono ujare Cindhe Laras.

D.Lmr.: "Gek arep kok-enggo apa ?"

C.Lrs.: "Aku kepengin ngingu kuthuk kok Yung."

D.Lmr.: "O, ya wis karepmu, gawea patarangan ing
ngisor grumbul kae, kareben di-angremi sato
kewan liyane."

Wus kelakon endhog digawekake patarangan
ana ing jaban gubug. Temenan ora gantalan dina, en-
dhog mau netes kuthuk lanang. Mundhak dina mundhak
gedhe katon jagoan. Tansah dielus-elus, diuleg -
uleg, diopeni dipakani lan dibanyu. Kadhang-kadhang
dicoba diedu karo jago alasan liyane bisa menang.
Mungsuhe angger dikabruk pisan bae mati sanalika,
ora dadak njaluk banyu.

Atine mongkog, jagone peng-pengan, ucape:

"Ayo sapa wani nandhingi jagoku ?"

Saya-saya jagone kluruke nganeh-anehi,

"Ku-kuk kluruk,

jagone Cindhe Laras,

omahe tengah alas,

anake Raden Putra."

Sapa wonge ora gumun.

Suwe-suwe Cindhe Laras kapengin menyang ku-
tha, jagone dibopong ngalor ngidul. Sadalan-dalan
anger weruh jago, jagone Cindhe Laras banjur di-
thukake, kareben tarung, manawa wis tarung senenge
ora karuan, trekadhang nganti lali ora mulih, ka-
sengsem anggone nyoba adu jago.

B. PITAKONAN IK.I WANGSULANA

1. Bareng Dewi Limaran krungu suwara prag-prog, atine banjur kepriye ?
2. Saya suwe suwara mau malih dadi suwarane apa ?
3. Dewi Limaran dadi kepriye ?
4. Satemene ana apa ta, coba kandhakna !
5. Raksesa dadi anyel, sababe apa ?
6. Bareng Cindhe Laras wis gedhe, apa bae pagaweane saben dinane.
7. Weruh apa nalika Cindhe Laras pinuju.. ngangsu ?
8. Cindhe Laras duwe kekarepan apa ?
9. Apa bae kang dicritakake Cindhe Laras marang ibune ?
10. Endhoge banjur dikapakake ?
11. Kluruking jago nganeh-anehi, iku nuduh-ake apa ?

C. TEMBUNG-TEMBUNG KANG ANGEL

anggraита	= ngreti, nyana
ngungun	= gumun
bebondhotan	= tetuwuhan kang rumambat ulet-uletan
watu gilang	= watu leter gilap kanggo tapa
kuwalahen	= ora tandhing, rada kalah
mlayu nggendring	= mlayu rikat
rerencek	= golek kayu/pang sing cilik
nusup angayam	alas= mlayu ora metu dalan, nasa-k-nasak
kiyeng	= kenceng lan kuwat
nglinteri	= ngubengi, ngalang
mojar	= kandha, guneman
ora gantalan	= ora nganti kliwat ing
ora dadak njaluk banyu	= ora nganggi sambat
atine mongkok	= gedhe atine
kasengsem	= seneng

VIII. AKSARA JAWA
WACANEN KANG PATITIS

ରେଣ୍ଟାଙ୍କୁ

ରେବାଙ୍କୁ

ରୋତ୍ତାଙ୍କୁ

ରୋହାଙ୍କୁ

ରୁଗ୍ରାଙ୍କୁ

ରୁର୍ଗାଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୂରୂରୂଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

ରୁରୁରୁରୁରୁରୁଙ୍କୁ

၁။ အိသုဒ္ဓရာ၏ ရွှေမျှော်စာတွေ၏
ရွှေမျှော်စာ၊ ပြေားမျှော်စာတွေ၏
ပေါ်စာများ၊ ရွှေမျှော်စာတွေ၏
ပေါ်စာများ၊ ရွှေမျှော်စာတွေ၏

၂။ အိသုဒ္ဓရာ၏ ရွှေမျှော်စာတွေ၏
ရွှေမျှော်စာများ၊ ပေါ်စာတွေ၏
ရွှေမျှော်စာများ၊ ရွှေမျှော်စာတွေ၏
ပေါ်စာများ၊ ရွှေမျှော်စာတွေ၏

PIWULANG 6

I. WICARA

PAHLAWAN

Daryana : "Mas !"

Punika kok sami masang gendera setengah tiang, punika wonten punapa ta?"

Mas Na : "O, kuwi mengkene, rungokna ya !
Saiki rak tanggal 30 September ta ?
Dina kuwi pengetan kurban-kurban Pahlawan Revolusi."

Daryana : "Sinten kemawon Mas, ingkang dados kurban ?"

Mas Na : "Manawa kowe arep nyumurupi, yaiku:
1. Jendral Akhmad Yani
2. Let Jen.S. Parman
3. May Jen.Suprapta
4. Let Jen.Haryana
5. May Jen.Sutaya Siswamiharja
6. Brig Jen.Katamsa
7. Kol.Sugiyana
8. Kapt.Piere Andreas Tendean."

Daryana : "Kurban punika prastawanipun wonten ing pundi ?"

Mas Na : "Ana Lubang Buaya, ing Jakarta.
Yen dirasa agawe ngeres, apa maneh gawe rugining negara."

Daryana : "Saking pokal damelipun sinten Mas ?"

Mas Na : "Pokal gawening PKI kang ora idhep ing pri kamanungsan.
Ngrusak marang anggering negara. Karepe mono arep ngraman, nanging dening kasiyating Pancasila, PKI bisa ditumpes sacindhile abang."

Daryana : "E, keparat kowe PKI !
Pantes disered menyang naraka."

II. TITI SWARA

Konsonan d, t (1.1.2.)

tinimu ing ukara:

E, keparat kowe PKI

Pantes disered menyang naraka.

Semono uga tembung-tembung ing ngisor iki
ucapna kang cetha lan gatekna mungguhing si,
gege d utawa t !

babad Mangir	aja madat
cacad mripat	tali kawat
tenggok bejad	kena walat
laladan Surakarta	banyu asat
angin midid	sugih dhuwit
mirid karangan	nyangking arit
dadi murid	klapa sawit
bocah mursid	nyuwun pamit
aja udud	ngemut gula
banyune surud	nunut mangan
dagangane dikukudi	iwak welut
tangane kebarud	pedhut kuning
bocah kesed	ceret borot
gawe kesed	ora kelet
mlaku keblesed	manuk bethet
jadahe dipleped	sepatune awet
gendhenge mlorod	kokot boloten
untune modod	momet barang
nguwod kretek	rokok klobat
oyod lajer	nyethot pupu
nganggo bebed	suket teki
nampa waledan	sirah mumet
gangsingane muded	nyabet jaran
emoh mingsed	seneng ngunthet

III. TITI TEMBUNG (1.5.)

A. Tembung pangiket (1.5.2.)

A. Tembung pangiket (1.5.2.)

Tuladha: Yen dirasa agawe ngeres, apa maneh ga-we rugining negara.

Tembung pangiket ing sisih tengen iki gathukna ing ukara sisih kiwa !

- | | |
|--|---------------|
| 1. aku arep utang dhu-witmu sewu bae. | a. ewa samono |
| 2. Aku wis mangreti sing dadi karepmu, bab pan-jalukmu dakrembugé dhisik karo ibumu. | b. apa dene |
| 3. kuwi Sidin sing gro-byagan. | c. apa maneh |
| 4. Omah wis dicawisake, arep mundhut dhewe ya sakersane. | d. ewa dene |
| 5. Redi Merapi punika sampun inggil, meksa kawon inggil kaliyan redi Semeru | e. wondene |
| 6. Bocah klas telu bae ora bisa bocah klas siji | f. dene |
| 7. Aku, kowe adhimu bakal ditimbali menyang kалurahan. | g. ana dene |
| 8. Senajan wis kasembadan sa-kabehe isih mem-peng anggone tirakat. | h. karo dene |

B. Tembung andhahan (1.5.2.)

Upama, yen kowe arep nyumurupi, yaiku:.....
Coba ukara iki wenehana andhahane tembung surup, serep, serap

1. Yu Sikem nalika malem Jumuwah (surup)
2. (serep) kula lare punika sae kalakuaniipun.
3. Embah sampun boten saged (serap)benang, jalanan kirang pramana.

4. Dhasare bocah ndelul, senajan (surup), iya meksa nekat klenyitan.
5. Gendhuk, (surup) ayo slebu ngomah, aja dlanan maneh !
6. Dhuwit Rp 100.000,- iki (surup) reganing sepedhah.
7. (surup) ya, manawa kowe kuwi digedhekake wong tuwamu, mula wajib ngajeni lan memundhi.
8. Begog kae panceh kurang (surup), mula iya tansah grusa-grusu.
9. Nyiliha literan, dakenggone (surup) beras panenan wingi !
10. Bocah kang ora ngreti yuda negara prelu (surup)

KOSA KATA/GUDHANG TEMBUNG (1.5.3.)

A. Tembung timbang (padan kata)

Tuladha:

..... dening kasiyating Pancasila, PKI bisa ditumpes sacindhile abang.

Tetembungan iki rampungna !

- | | |
|---------------------|---------------------------------|
| 1. banyune asat | 6. sepure kosong |
| 2. desane adoh | 7. hotele suwung |
| 3. omahe cedhak | 8. sudagare sugih |
| 4. rembulane bunder | 9. kulahe kebak <i>mulya/b2</i> |
| 5. bayine cilik | 10. guwane peteng |

B. Istilah-istilah

Cecukulan kang wijine ana arane.
Sebutna !

asem	duren	pelem
nangka	tanjung	kluwih
cipir	jambe	kapas
randhu	mlinjo	sawo

C. Apa arane ?

- | | |
|---|-------------|
| 1. Banyu kang ngetuk saka bumi
dadi kali diarani ... | a. sendhang |
| 2. Banyu tuk mbalumbang mili
sawetara menyang sawah,.... | b. umbul |
| 3. Banyu panas kang metu saka
pucuking gunung geni | c. blumbang |
| 4. Ledhokan isi banyu udan ora
bisa mili, sok ana iwake... | d. kawah |
| 5. Banyu rembesan tetes metu
saka tepining jurang | e. prigi |
| 6. Sumur kawak sajroning alas, | f. tretes |
| 7. Rawa ing tengah diyasani
omah lan patamanan | g. balong |
| 8. Bumi ledhok kisen banyu ora
bisa mili dadi embek-embek. | h. botrawi |
| 9. Banyu sidhatan saka kali
kanggo ngoncori swah | i. wadhuk |
| 10. Blumbang gedhe/jembar tan-
dhon banyu | j. wangan |

D. Negesi tembung

Tuladha:

Pokal gawene PKI kang ora idhep ing bener.
pokal gawe = pratingkah ora becik

Coba tetembungan kang digaris ngisore iki apa tegese ?

1. Aja seneng adol gawe.
2. Adhine wis metu gawene.
3. Ma, saiki andum gawe bae.
4. Bocah wis gedhe ngono kok isih dadi gawe.
5. Ayo Ya, rada disrempeng, keri gawe tenan kowe mengko !
6. Menawa tandang gawe aja grusa-grusu !
7. Yen ana gawe pari gawe, kamas kae rak wis bisa mrantasi.

8. Prekara kuwi rak dudu gawene, luwih becik aja cawe-cawe.
9. Olehku golek butuh bisa oleh gawe.
10. Pak Suta lagi duwe gawe.

- | | |
|--------------------------|-------------------------|
| a. ngumukake sregepe | f. nindakake pakaryan |
| b. bisa tetulung makarya | g. bab kang kudu ditin, |
| c. mbagi kawajiban | dakake |
| d. nusahake | h. dudu kawajibane |
| e. kether | i. klakon kang disedyu |
| | j. ewuh mantu, tetakan |

E. Milih tembung, panguwu

Tuladha: E, keparat kowe PKI ;

Ukara iki isenana nganggo tembung panguwu, kang nelakake ora seneng/gila, kaget.

- | | |
|--|----------------|
| 1., kecakot ilatku! | a. hi |
| 2., kowe meksa ora manut! | b. wut |
| 3., dhuwitku kerij! | c. la, ilah |
| 4., larane ! | d. dubilah |
| 5., gedhene tumane saga - gajah ! | e. mati |
| 6., konangan Bu Guru! | f. biyuh-biyuh |
| 7., ndhugale kok kaya setan ! | g. astaga |
| 8., lali maneh payungku ! | h. o |
| 9., udan ! | i. E |
| 10., mengkirig aku weruh uler geni. | j. adhuh |

IV. TITI UKARA (1.6)

A. Warnaning ukara (1.6.2.)

Manawa nitik jinis sing tembung wasesane, ukara iku ana rong warna, yaiku:

1. Ukara nominal

yaiku menawa wasesane saliyane tembung kriya
Tuladha:

Omahe gedhong.

j w

w : tembung aran

Anake lima.

j w

w : tembung wilangan

2. Ukara verbal

yaiku menawa wasesane wujud tembung kriya.

Tuladha:

Korane lagi diwaca. w : tb kriya

w

Bocahe sregep ngangsu. w : tb kriya

w

Coba ukara iku aranana ukara verbal utawa nominal !

1. Omahe gedneg.
2. Anake lanang.
3. Parine akeh banget.
4. Sutara bocah pinter.
5. Banyune bening banget.
6. Adhiku nggamar kembang.
7. Paman tindak jagong.
8. Mas Karna ngetung dhuwit.
9. Siwa nggule ayam.
10. Pak Guru maringi garapan.

B. Nerusake ukara

Coba ukara iku rampungna !

1. Aja kok owah-owah, kuwi segane
 kuwi singgahane
 bakale arep di
 dhewe.
 buntelane arep di ..
 dhewe.
2. Olehe ndhudhuki jugangan

Olehe sinau,
nonton wayang,
ngenteni nganti

3. Aku wis tau maca
ngrungokake crita...
.... nganti
nonton wayang lakon..
..... tamat.

V. TITI BASA (1.7.)

A. WARNA BASA (1.7.1.)

Mudha krama

Basa mudha krama iku luwes, lumrahe dadi
basane wong anom marang wong tuwa.
Dene wujude: basane krama kabeh, kacam,
putan krama inggil.

Tuladha:

1. Mas, penjenengan badhe dhateng pundi?
2. Bu, nyuwun pangapunten, kula damel
kagetipun Ibu.

Coba ukara ngisor iki gawenen mudha krama !

1. Mas, arep menyang ngendi ?
2. Yen oleh aku melu.
3. Mas Karna mengko mulih jam pira?
4. Mbak Titi mau mangan apa durung?
5. Pak Gedhe mengko apa sida bali?
6. Bu Lik sesuk apa sida lunga?
7. Yen sida aku tukokna klambi!
8. Besuk mulihe dakpethuk.
9. Pak Tarma apa gelem ngombe es?
10. Menawa ora gelem, lha ngombe apa?

B. RENGGA BASA (1.7.2.)

SANEPA

Sanepa iku pepindhan kang tegese lumrahe

Malah mindhakake ora apik utawa nyebutake apa-apa katandhing karo liyane, nanging luwih saka kang diupamakake.

Upama:

Ambune arum jamban = banger banget.

Awake kuru semangka = lemu banget.

Coba aranana apane sing disanepakake ?

- | | | |
|-------------|----------------------|------------|
| 1. | empuk watu. | a. kawruhe |
| 2. | abot kapuk. | b. kulite |
| 3. | abot merang sebelah. | c. ilate |
| 4. | atos debog. | d. eseme |
| 5. | abang dluwang. | e. dedege |
| 6. | dhuwur kencur. | f. cahyane |
| 7. | pait madu. | g. balunge |
| 8. | peret beton. | h. bobote |
| 9. | wuled godhong lumbu. | i. awake |
| 10. | jero tapak meri. | j. atine |

VI. MACA TITI

PAHLAWAN REVOLUSI

1. Ngeres.

Sedhih.

Tindak nasar ! Sirna kamanungsamu !
Kalis ! Eblis , manjing anggamu.
Kumresik ! Ngaku progresif.
Wicaramu, perêt welut dilêngani.
Jebule gawe sangsara, duraka, cilaka.
Mung topengan.
G. 30 S. licik !

2. Kurban.

Karya kurban.

Jendral-jendral.

Gilang-gilang layone.

Pantes den nugraha.

Pahlawan Revolusi.

Pangeran paring sih.

Cinathet ing sejarah.

B. Tembung-tembung kang angel

1. sirna : ilang
2. manjing : mlebu
3. angga : badan, awak
4. progresif : maju
5. wicara : gunem
6. peret welut di- : lunyu ing wicara
lengani
7. duraka : dosa, cilaka
8. licik : jirih
9. karya : gawe
10. gilang-gilang : sumorot
11. den nugraha : di ganjar

C. Pitakonan iki wangsulana !

1. Sapa kang duwe tindak nasar ?
2. PKI ngakune kepriye bae ?
3. Nanging kepriye nyatane ?
4. Sapa bae Pahlawan Revolusi ?
5. Kapan pengetan dina Pahlawan ?
6. Kapan pengetan Kesaktian Pancasila ?

VI. AKSARA JAWA

WACANEN KANG PATITIS

○ ○
m n g o m a n g o
r e n r a n r a n r a n
n t a r a r a r a r a r
n r a r a r a r a r a r
r u r a r a r a r a r a
○
n u r a r a r a r a r a

○ ○
m n g o m a n g o
r e n r a n r a n r a n
n a z u r a r a r a r a
r i n g o r a r a r a r a
m n i a m o m a n g o
n a r a r a r a r a r a r

PIWULANG 7

I. WICARA

PADJANG REMBULAN

Sumiyati : "Wah iki mengko purnama sidi temenan.

Dhasar malem libur, terangan.

Ayo ca dolanan, dikatog-katogake !"

Komariyah: "Bener. Ayo saiki padha tetembangan
dhisik. Mumpung padhang rembulan.
Lelagon apa gobag sodor dhisik ?"

Tarwanti : "Lho kok gobag sodor, aja.

Ethok-ethok gawe nini thowok bae.

Ayo padha lelungguhan kene !"

Purwanti : "Iya aku mathuk.

Ayo saiki nembang sing laras !"

Bareng : "Bocah-bocah dolan, dha mreneua.

1,2,3,4 Padhang-padhang mbulan, kaya rina.

Latare jembar, njingglang padhang.

Kareben bingar akeh rewange.

Ayo padha keplok, plok
surak: hore.

Ayo padha keplok, plok

Surak: hore." (piridan)

Endhang : "Lha kae kebeneran mbak Karti teka,
becike dianggep nini thowoke bae."

Bareng : "Iya, iya, ayo, ayo !"

Endhang : "Saiki ganti jamuran.

Jamuran ya ge ge thok.

Jamur apa, ya ge ge thok.

Jamur gajih mbegigih saara-ara."

SIRA bade jemuan apa

II. TITI SWARA

A. Konsonan g, k (l.l.2.)

Ukara: Ayo ca olehe dolanan dikatog-kator
ake.

Lelagon apa gobag sodor ?

konsonan g manawa dadi panyigeg swarane an
teb (sampurna)

konsonan k anteb (sampurna) manawa:

- dadi panyigeg disusul s, t
- dadi panyigeg didhisiki pepet
(ndelenga Piwulang 5/II)

Coba tetembungan iki ucapna kang cetha !

asu ajag	ajak-ajak lunga
pagaweane rancag	goleka rancak
mungsuhe babag	awake babak
akil balig	blabag dibalik
dicocog dom	segane dicocok asu
untune sisigan	sisik iwak
atine teteg	pringe kanggo tetek
cagake jejeg	sirahe dijejerki
kendhaline dipepeg	dagangane pepek
mbayar pajeg	menyang pajeksan
masah blabag	keblabak ing banyu
dolan wis tutug	tutuke lapana
banyune mambeg	watak mambek

B. Konsonan b, p (l.l.2.)

konsonan b diucapake anteb

p diucapake empeng

Tetembungan iki ucapna lan gatekna !

mesin uwab	sepedah balap
kitab injil	bocah kalap
oleh sawab	lawuh kecap
lalab timun	iwak kakap

lintang salib	durung raup
duwe wajib	nulup peksi
kawruh gaib	wayah surup
dadi tabib	ngasah kacip
pasang tarub	pitike urip
jangan sayub	aja kikip
mangan kuluban	sisip sembir
lampune murub	ngukup uwuh
pijer atob	ngokop wedang
banyu umob	lampu sentolop
dalane ngecob	welut ngecop
lawange mineb	nginep ing hotel
kekeb kendhil	awake dikekep
omahe keleban	paku idep

III.TITI TEMBUNG . (1.5)

A. GUDHANG TEMBUNG (KOSA KATA) 1.5.3.

a. Tembung timbang (padan kata)

Latare jembar, padhang njingglang.

Tetembungan ngisor iki rampungna suapaya
dadi tembung timbang kang ateges mbangetake.

1. Klambine teles
2. Baña pecah ajur
3. Atine remuk
4. Raine abang
5. Rupane ireng
6. Morine putih
7. Banyune anyep
8. Jamune pait
9. Kulahe asat
10. Omahe suwung

b. Kosk balen

Tuladha:

padhang njingglang X peteng ndhedhet

Tetembungan iki golekana kosok baline

1. Rembulane surup X
2. Latare jembar X
3. Olehmu matur aja kesusu X
4. Reginipun sampun awis X
5. Mila pancen taksih sae X
6. Tamune wis lenggah X
7. Dagangane wis nipis X
8. Bapak dereng kondur X
9. Sagarane rob X
10. Desane pancen sepi X

c. Pilhen kang mathuk

1. Bocah-bocah padha
 a. ura-ura c. lelagon
 b. menyanyi d. nembang
2. Aten-atene Mbak Jum iku
 a. lurus c. jujur
 b. burus d. beres
3. Tangkebe Mas Tris marang kancane..
 a. nyadulur c. rumaket
 b. supeket d. akrab
4. Dene guneme Tarwanti iku
 a. empuk c. lacut
 b. gandes d. gandem
5. Duwe pambek mbok sing
 a. luhur c. bawa leksana
 b. berbedi d. andhap asor
6. Sutarna iku bareng larane wis mari
 atine
 a. bungah c. bombong
 b. bingar d. seneng
7. Atine dadi jalaran saiki wis
 kesangga samubarange.
 a. seneng c. bingar
 b. bombong d. bungah

8. Dadi wong mono bok aja ngegungake kaluhuran utawa kasugihan, iku jenenge
- a. ladak c. dhiri
b. dir d. kumaki
9. Wong kang suthik kasoran karo sapepadhane seneng diajeni emoh ngajeni iku diarani..
- a. dhiri c. kumaki
b. dir d. gumedhe
10. Wong kang angel nepsune, pantes sinebut wong
- a. alim c. imul
b. sabar d. anteng

d. Ngiseni/ngrampungake ukara

Tuladha:

Lho kok gobag sodor, aja !

Ukara iki rampungna !

1. Lho kok, wis menenga !
2. Lho kok, sesuk bae !
3. Lho kok, balekna !
4. Lho kok, sabar ta !
5. Lho kok, ayo bareng aku !

Tuladha: Ayo saiki padha nembang !

6. Ayo, becike sesuk
7. Ayo, yen wis rampung
8. Emoh, aku lagi
9. Emoh, aku ora
10. Emoh, yen saiki

e. Homonim

Coba ukara iki wenehana katrangan !

1. a. Bubar mangsa karo, mesthine katedu.
b. Ali karo Abas padha lunga.
2. a. Salange pedhot, salinana sing wuled!
b. Salange Adi ceklek, marga tiba.

3. a. Pisange wis dalu.
b. Wau dalu kula ningali kethoprak.
4. a. Cah, nek kowe padha padu terus-terusan
marahi tuwa.
b. Kamase Nani marahi etung adhine.
5. a. Kula sampun nedha sekul gurih.
b. Mas sampun nedha dana tiyang ingkang
cethil, tiwas damel isin !
6. a. Bocahe saiki wis mara mrene dhewe.
b. Mbakyu lagi mara tela kanggo sadulure.
7. a. Aja merak wong ala, mundhak ketularan
dadi ala.
b. Aku wis tau weruh merak ana ing kebon
kewan.
8. a. Aku iki ora seneng udur, trima ngalah.
b. Yen tanpa udur, sliramu dakaturi rawuh.
9. a. Saiki dalan-dalan wis rata.
b. Sang Prabu Kresna nitih rata maju ing
perang.
10. a. Kalong iku bisa mabur.
b. Pitike kalong lima.

B. TEMBUNG ANDHAHAN

Tuladha: Ayo padha lelungguhan kene !

- a. Isenana nganggo andhahane tembung lung-guh.
1. Mas Muyana saiki nggenteni wong tuwane.
2. Mas Ja, Pak Mantri kae ngisor talang !
3. Wah keponak ya Pak Darma kae, kari klasa gumelar.
4. Nyuwun priksa, Bapak ing pundi?
5. E,e, aja playon ing kono, delengen kono
rak isih kanggo
6. Olehku nyepur bareng wis sela.

7. Nuwun sewu, radi ngaler kemawon.
8. Pak Lik Warna saiki papan tinggal-aneyang.
9. Adhiku ana klas jejer karo adhimu.
10. Aja padha ana ngisor wit krambil !

b. Tembung tanggap ka, bawa ka

Tembung tanggap ka yaiku tembung lingga kang oleh ater-ater ka (dijarag) maknane kena disalini tanggap di, kayata

Dhuwite wis kajupuk kabeh. =

Dhuwite wis dijupuk kabeh.

Dene tembung bawa ka,
yaiku tembung lingga kang oleh ater-ater ka (ora kajarag), ater-atere sok dadi ke, luluh, tuladha :

Dhuwite kebuwang ana uwuh.

Omahe Bah Bagus kobong.

Coba tembung kang dikurung iki dadekna tembung tanggap ka utawa bawa ka !

1. Sutarya bisa (tampa) ing SMP Negeri.
2. Olehe ndeleng rada minggir bae mundhak (tabrak) tetumpakan.
3. Bale nuli (tendhang) pener ngarep kiperan
4. Sarehne ora gelem mundur bokonge (tepang) nganti krengkangan.
5. Srimana (pengin) arep ndeleng bal-balau.
6. Bareng (bentus) lagi krasa.
7. Menawi gadhah prelu, mesthi (ical) barang.
8. Tamsiyah wingi (srempet) sepedha motor, jalanan mlampah radi nengah.
9. Olehe yasa klambi (gedhe), jalanan ngunduri gedhe.
10. Olehe nenuwun (trima)

IV. TITI UKARA (1.6.)

WARNANING UKARA (1.6.2.)

- A. Menawa nitik wasesane mbutuhake lesan utawa orane, ukara iku kena kaperang dadi:
1. Ukara transitif, menawa wasesane mbutuhake lesan, upama:

Murid-murid lagi maca koran.

2. Ukara intransitif, menawa wasesane ora mbutuhake lesan, upama:

Adhine Siman nangis.

Coba ukara-ukara iki aranana endi kang transitif, lan endi kang intransitif !

1. Bocahe ora bisa turu.
2. Adhine Sinta lagi nangis.
3. Murid-murid maca buku dongeng.
4. Bu Lik mbathik sarung.
5. Gendhuk nau ngguyu.
6. Sutarmen uwis adus.
7. Siwa ngekum kumbahan.
8. Yune ngedusi gendhuk.
9. Sapa mangan kacang?
10. Kowe apa luwe?

B. Ukara-ukara kang salah iki benerna !

1. Kula dipun utus maos.
2. Rasukan kula dhateng lemantun.
3. Lare punika dipun nameni Sri Rahayu.
4. Dipun siyaraken ing ngakathah.
5. Gandheng kaliyan kirang jawah, taneman pantun kathah ingkang pejrah.
6. Panganggenipun sarwi cemeng.
7. Ceret punika kadamel saking bleg.
8. Segawon punika boten ageng, nanging alit.

9. Kawartosaken ing kitha ngriki badhe won-
ten peken malem.
10. Milabukanipun mekaten:

F. TITI BASA (1.7.1.)

A. SANEPA (1.7.2.)

Coba unen-unen iki rampungna murik dadi sa-
nepa !

- | | |
|----------------------------|----------------|
| 1. Utange arang | a. dilengani |
| 2. Polahe anteng | b. kitiran |
| 3. Playune lonjong | c. madu |
| 4. Cahyane bening | d. tampah |
| 5. Rasane legi | e. dhengkul |
| 6. Pikire landhep | f. bratawali |
| 7. Wujude benjo | g. leri |
| 8. Tingale pait | h. botor |
| 9. Tatune arang | i. kitiran |
| 10. Rembuge peret welut... | j. wulu kucing |

B. SALOKA (1.7.2.)

Saloka ngisor iki kepriye karepe ?

- | | |
|----------------------------------|---|
| 1. Endhas gundhul dikepeti. | a. Rupane ala, atine ala. |
| 2. Anjajah desa milang kori. | b. Wong duwe pagawean kang prelu, disam-
bi nglakoni barang kang remeh, kang |
| 3. Anjagakake endhogé si blorok. | |
| 4. Aja cedhak kebo gupak. | |
| 5. Omah sadhuwuring jaran. | |
| 6. Asu arebut balung. | |
| 7. Iwak klebu ing wuwu. | |
| 8. Emban cindhe emban siladan. | |
| 9. Amburu uceng kelangan deleg. | |
| 10. Ora ganja ora unus. | |

- luwih wigati kapiran.
- c. Pilih kasih.
 - d. Wong kena paeka sarana gampang.
 - e. Wong rebutan prekara/barang sepele.
 - f. Sekuthon nedya mbalela.
 - g. Aja cedhak-cedhak wong ala, mundhak tularan.
 - h. Njagakake kamelikan kang ora tartamtu,
 - i. Wong lelungan utawa ngupaya samubarang nganti ngambah sakehing padesan, ngleboni sakehing omah.
 - j. Wong ora kekurangan, dikepenakake ati

VI. MACA TITI

A. WACANEN CINDHELARAS IV

Biyunge kontrang-kantring nggoleki anake, sah banget, tansah was sumelang, atine dheg-dhegan sangga uwang ana ngarep lawang, ora doyan mangan lan ora doyan ngombe, mung tansah mikir anake, gasane warna-warna, sumelang menawa dimangsa kewan galak.

Sajroning njetung, Cindhe Laras katon saka kadohan, nuli jelih-jelih:

"Yung, Yung jagoku peng-pengan.
 Yung, arep dakgawa menyang kalangan.
 Arep dakedu karo duweke Pangeran.
 Jare kutha ana tomprangan."

Wangsulane biyunge,
 "Mengko dhisik ta Ngger.
 Lungguha sing apik, aja gege.
 Tutura kang cetha!"

Cnd-Lr : "Jagoku peng-pengan.
 Nek dakedu mesthi menang."
 Dw-Lmr : "Ngger, ngretia,"

atiku kuwi satemene rak susah banget,
mung mikirake kowe.

Pirang-pirang dina kowe ora mulih,
kuwi menyang ngendi ?"

Cnd-Lr : "Anu kok Yung,

Aku kapengin menyang kutha,
srawung karo bocah liya, bocah akeh.
Aku wis tau tekan kutha kok. Kepethuk
karo wong akeh.

Jagoku dakcoba, dakedu menang terus.

Jago angger dikabruk banjur mati."

Dw-Lmr : "E, dadi ngono ta.

Lha sabanjure kepriye ?"

Cnd-Lr : "Aku diajani karo Pak Wangsa dikon nglurug menyang Jenggala, arep dieterake.
Aku iya gelem. Dheweke tanggung jawab.
Mulane Yung, aku njaluk pamit !"

Dw-Lmr : "E, lha blai, ane.

Wong adu jago mono rak nganggo totohan,
Lha sing kok-enggo totohan bae apa?"

Cnd-Lr : "Yung, aja was sumelang. Totohane nyawa-ku bae."

Dw-Lmr : "Kepriye, nyawa ?" karo mingseg-mingseg,
"Ngger anakku, anakku mung siji,ya mung
kowe,
aja Ngger yen kena dakeman,
aja,..... aja lunga Ngger !"

Cnd-Lr : "Yung aja nggrantes ta Yung,
atiku kok ora kena dipenggak,
embuh Yung, arep nemoni lelakon apa,
Anu kok Yung, Pak Wangsa wani nanggung,
jarene jagoku kena diendelake kok Yung,
wis eklasna bae, Yung !"

Dw-Lmr : "Ngger, apa bener,
tenan ya Ngger, luwih becik aja lunga!"

Cnd-Lr : "Ora Yung, aku njaluk pamit,
Wis Yung njaluk pangestu."

Cindhe Laras oncat saka ngalas, mlebu menyanyi kutha, nggoleki Pak Wangsa, njaluk supaya dieterak menyang kalangan jago ing Jenggala. Sabanjure bisa katemu karo Pak Wangsa lan sida disowanake Raden Putra.

Bareng ana ngarsane Raden Putra didangu:
"E, kowe bocah saka ngendi ?
Anake sapa ?"

Cnd-Lr : "Kula lare ing dhusun.
Tumut Pak Wangsa punika.
Badhe tumut aben sawung."

Rd Putr: "Kepriye arep melu adu jago ?"

Cnd-Lr : "Inggih, kula wani."

Rd Ptr : "Kurang ajar, bocah murang tata ya.
Iki nganggo totohan, lho. Aja sembrana !

Cnd Lr : "Inggih kula mangretos.
Kula wani."

Rd Ptr : "E, Pak !
Apa kowe sing mbotohi ?"

P.Wngs : "Boten. Sanes adalem.
Kersaa ndangu piyambak, Pangeran !"

Rd Ptr : "Ora, Le.
Gacomu apa. Wani mlebu menyang kalangan.
Apa kang kok-endelake.
Gundhulmu apa, iya ?"

Cnd Lr : "Inggih. Boten klenetu.
Mangke yen sawung kula kawon, mangga.....
dipun punapakaken kula ndherek, pasrah pejah gesang."

Rd Ptr : "Tenan ujarmu.
Manawa kowe kah,dakkethok gulumu!"

B. Fitakonan iki wangsulana !

1. Biyunge Cindhe Laras susah, apa sebabe?
2. Bareng mulih, Cindhe Laras lapuran apa marang biyunge.
3. Cindhe Laras kapengin menyang kutha, duwe sedya apa?
4. Apa sebabe kok duwe pepenginan mengkono, oleh katerangane sapa?
5. Bareng ngrungokake kojahe Cindhe Laras, biyunge banjur kepriye?
6. Apa kang kanggo totohan Cindhe Laras?
7. Apa iya klakon Cindhe Laras oncat saka ngalas?
8. Cindhe Laras karo Pak Wangsa menyang ngendi?
9. Cindhe Laras apa nyata wani adu jago, apa sing kanggo totohan?
10. Raden Panji apa iya marengake?

C. Tembung-tembung kang angel

kontrang-kantring = montang-manting, ora jenjem

njetung = getun, thenger-thenger marga kecuwan

kalangan = papan kanggo adu-adu

tomprangan = totohan

nglurug = menyang panggonan memungsuh

diendelake = diprecayakake

oncat = lunga

murang tata = ora nganggo tata krama, deksura

gacomu = udhumu, apa kang kanggo totohan

VII. AKSARA JAWA

WACANEN KANG PATITIS

ଅନ୍ତର୍ଗତ

ଅନ୍ତର୍ଗତ

ଅନ୍ତର୍ଗତ

ଅନ୍ତର୍ବାହି

PIWULANG 8

I. WICARA

BAL - BALAN

- Bagya : "Kowe saka ngendi Na?"
Parna : "Saka alun-alun, mentas nonton bal-balang."
Bagya : "Kang nonton apa akeh?"
Parna : "Wah akeh banget, uyel-uyelan, alun-alun awoh bocah."
Bagya : "Sapa sing bal-balang?"
Parna : "Murid STM, tandhing murid SMA."
Bagya : "Sapa sing menang?"
Parna : "Pur l - l
Maine ora resik. Ora pati apik
Main kayu.
Dilalah angine sumribit, bale pijer
katut angin."
Bagya : "Aku kok ora krungu warta ta ya.
Krungua mesthi nonton.
Kowe krungu warta saka sapa?"
Parna : "Saka tepunganku, murid STM.
Satemene upama STM bisa unggul, saben personil arep diganjar sepatu
sepasang."
Bagya : "Besuk maneh yen krungu warta aku wenehana weruh ya, dak melu nonton!
Na, Na, STM iku dununge ngendi ta?"
Parna : "Iya.
Dununge STM kuwi saiki ana pinggir
kuta."
Bagya : "Ya wis nedha nrima.
Muga-muga para mudha bisa laju sakabehe, iya mungguhing pasinaone,
iya babagan olah ragane."

Tumapel

II. TITI SWARA

KONSONAN g (1.1.2.)

Fonem g tanpa variasi, panutup wanda utawa pambukaning wanda padha bae.

Upamane:

mandheg	godheg	rampog
udheg	gubug	ambleg
bladheg	gobag	judheg
dhelog	gudheg	muyeg
debog	gebleg	ambeg

III. TITI TEMBUNG

A. GUDHANG TEMBUNG = KOSA KATA (1.5.3.)

a. Istilah-istilah

Alun-alun awoh bocah. (entar)

woh teges salugune : pentil kang wis tuwa

Cecukulan kang wohe ana jenenge, aranana !

- | | |
|------------|-----------------|
| 1. aren | 6. uwi |
| 2. kanthil | 7. widara putih |
| 3. turi | 8. pucung |
| 4. so | 9. gebang |
| 5. sambi | 10. besusu |

- | | |
|------------------|---------------|
| a. kecacil | h. bengkowang |
| b. mlinjo | i. krandhing |
| c. klenthang | j. kluwak |
| d. gandhek | k. hanyang |
| e. kolang-kaling | l. katak |

b. Ngiseni tembung

Ukara : Dilalah angine sumribit, bale pi-jer katut angin.

Coba ukara iki isenana!

- | | |
|----------------------------------|---------------|
| 1. Lha wong iya priyayi Sala,ba- | a. ngampret |
| sane | |
| 2. Ulate bae, ana apa ta | b. umbrukan |
| bocah kae? | |
| 3. Embah tuwa kae lakune | c. mblader |
| 4. Raine, awit kepanasen. | d. kranggeh- |
| 5. Vinolia iku ambune | an |
| 6. Bareng ledhenge didandani, | e. pandirang- |
| iline | an |
| 7. Copet kae mripate | f. sumenthor |
| 8. Tangane njaluk tulung | g. sumegrak |
| 9. Uwuhe saponana sing | h. mangar - |
| tapis. | mangar |
| 10. Watune arep kanggo | i. thuyk-thu- |
| ndandani dalan. | yuk |
| 11. Kathoke kurang lan - | j. suntrut |
| dhung sethithik. | k. mlipir |

c. Sinonim

nonton bal-bal = ndeleng, ningali, mriksani, ndelok

Coba dasa nama ing ngisor iki gatekna!

- | | |
|-------------|--|
| 1. manuk | : paksi, kukila, kaga |
| 2. macan | : sima, sardula, mong, pragalba |
| 3. mati | : pejah, layon, lampus, seda, su -
rud, lalis, lena, pralaya, nge -
masi, antaka, palastra |
| 4. omah | : griya, wisma, dalem, panti, bale
suyasa |
| 5. pandhita | : resi, wiku, dwijawara, ajar, muni
yogiswara |
| 6. perang | : rana, yuda, pupuh, jurit, laga
bandayuda |

7. ratu : raja, sri nata, narendra, katong, aji, narapati, pamase, nareswara
8. rembulan : wulan, candra, sasi, sitengsu, dra, sitaresmi, sasadara, lek
9. srengenge: surya, radita, radite, bagaskara bagaspati, pratanggapati, arka
10. sagara : saganten, udaya, samodra, laut

d. Negesi tembung

Tuladha: Maine ora pati apik = mung rada

Coba tetembungan kang digaris ngisore iki terangna tegese !

1. Mbah Mertadrana biyen kae olehe mati nganti umur 95 taun.
2. Mbak Maryam biyen nalikane pasah dipati rasa.
3. Wa Karta olehe ngebleng pati geni.
4. Omah kobong wingi, genine gampang dipateni.
5. Boca kelas III SD wis diwulang aksara mati.
6. Rupane ora pati ayu, nanging manis.
7. Aku ora pati-pati bali menyang desa yen durung oleh pagawean sing gumathok.
8. Aja kepati-pati olehmu gething marang Amir!
9. Lha iya samesthine kowe kudu pati brata marang bojo.
10. Aku gelem nggenteni TV-mu kuwi, nanging pati bogor lho.

e. Tembung silihan

Saben personil arep diganjar sepatu se - pasang. (personil = punggawa, warga)

Tembung personil iku silihan saka basa Walanda.

Coba tembung silihan iki gatekna!

Asli Walanda

perslah

Asli Sangsekerta

utawa

Asli Arab

prelu

internasional	jala	napsu
gubernur	griya	ngelmu
bel	sirah	preduli
dhines	sastra	bab
sepur	citra	kabar
bor	bala	kewan
prei	bupati	kasiyat
buku	dasa	kajat
gelas	sasra	makna

B. TEMBUNG WILANGAN (1.5.2.)

Tuladha : Saben personil arep diganjar sepatu sepasang.

Coba ukara iki wenehana tembung kang nelakake wilangan, mawa ater-ater sa !

- | | | |
|--------------------------------|--------------------------------|--------------|
| 1. Sri golekna kunir | bae | a. sabentel |
| dakenggone milisi adhimu! | | |
| 2. Lawe | iki regane pira | b. sakacu |
| 3. Aku mau dioleh-olehi jadah | | c. satebak |
| 4. Yu, njaluk suruhe..... | bae | d. satundhun |
| 5. Aku isih duwe setagen | | e. sadeleg |
| 6. Aku nempil tembakone | | f. sakayuh |
| 7. Gedhang | iki isine pi-
rang tangkep. | g. sacandhik |
| 8. Pesena gedheg | bae | h. satetel |
| 9. Mori | rega pira ? | i. satukel |
| 10. Tukua kacang brol | | j. saenthik |

C. TEMBUNG ANDHAHAN (1.5.2.)

Dununge STM kuwi saiki ana pinggir kutha.
dununge = enggone

Coba titik-titik iki isenana nganggo andhah-
ane tembung dunung !

1. Bocah diterangake bola-bali kok

2. Pak Krana saanak bojone ing badran anyar.
3. Daleme Mas Nata sing anyar apa wis
4. Olehe padha padu don saiki wis rukun, marga wis dhodhok selehing prekara, ning Pak Lurah.
5. Wong-wong kang padha truka saiki, katon gilar-gilar sumeblak.
6. Bocah alim iku sipat sabar,
7. Omah gedhong kagungane Pak Carik kang cedhak bale desa saiki kanggo
8. Satriya kae rak mung ing pomah, ane Pak Kasdi.

IV TITI UKARA (1.6.)

WARNING UKARA (1.6.1.)

Ukara crita.

Ukara crita iku nyritakake kaanan kang mentas rinungu, dideleng, rinasa, me-nehi wawasan, pitutur, nirokake lsp. Dene lagune wekasan mudhun mayat, padane titik.

Tuladha:

Grombolan grayake bisa nggondhol bandane PT Arum pengaji 100 yuta rupiyah.

Coba ukara-ukara iki vacanen kang mapan!

1. Besuk sasi Mulud ngarep iki, ing Ngayogyakarta ana pasar malem.
2. Karusakan jalaran banjir ing sakiwa tengening kali Dengkeng dudu baen-baen, sawah-sawah akeh kang kurugan wedhi.
3. Karepku ngono aku bae sing tunggu omah, dene kowe kang mangkat.
4. Yen pinuju padhang rembulan, bocah-bocah ing padesan akeh kang padha dolanan jelungan lan gawe Nini-thowok.

5. Saka pangrasaku, ora prayoga yen kowe metu bengi ing sajroning kaanan durung tentrem.
6. Sutarja kandha, yen dheweke ora munggah pangkat.
7. Aku sumpah, menawa ora bakal nindakake pagawean maksiat maneh-maneh.
8. Panedhaniipun lare punika, menawi sampun ageng badhe sekolah dhateng manca negari.
9. Tiyang punika pitaken, benjing punapa anggen kula badhe dhateng mrika.
10. Kula pitados, bilih tiyang punika burus manahipun.

V. TITI BASA/GAYA BAHASA (1.7.)

A. WARNA BASA (1.7.1.)

Ukara-ukara iki gawenen krama lugu !

1. Sutana durung adus.
2. Kanca-kanca seneng mlaku-mlaku.
3. Padha lungguha lan crita gentenan !
4. Dak mangan dhisik !
5. Kowe apa iya arep mangan ?
6. Aku arep ngombe wedang jae.
7. Sadhela maneh aku arep lunga menyang Sala.
8. Panggonanmu apa ana wit gedhang Bawen ?
9. Omahmu kuwi ngendi ta ?
10. Kowe apa duwe sadulur ?

B. RENGGA BASA (1.7.2.)

Tembung entar

Alun-alun awoh bocah.

awoh tegese akeh

Coba tembung entar ing ukara iki kepriye tegese ?

1. Bocah kuwi pance mati ilate, lha wong selat enak-enak kok ora doyan.

2. Dhi, sing jembar segarane bae, ora prelu d_i, tanggapi wong kang brangasan kaya kae!
3. Pancen rekasa kok mulang bocah kethul atine kuwi, iya wis mung kudu sabar.
4. Aja seneng nggadho atine wong tuwa, kosok ba_b, line jaganen murih senenge !
5. Pak Gina lagi peteng atine, mula prelu dili_i, pur.
6. Abas kae pancen ala kandhutane, tansah gawe ribut kancane nunggal pagawean.
7. Bareng wis gilig rembug, wong sadesa padha gumregah gotong royong mbangun kretek.
8. Mas Trima saiki rumasa wis ilang klilipe, ja_a, laran Surtima kang dadi satrune wis pindhah saka desane, menyang Kalimantan.
9. Ngati-ati lho nek nyelehake barang, bocah kae dawa tangane.
10. Bareng anak-anake wis bisa mentas dhewe, wong tuwane katon gedhe atine.

VI. MACA TITI

A. WACANEN

CINDHE LARAS V.

Kocapa ing kalangan uwis andher para santana saha kerabat liyane. Jago wis wiwit diumbar ing kalangan. Nuli erek-erekan. Wong-wong wiwit tomprangan. Sadhele maneh wis kabruk-kabrukan, gitik-gitikan. Kang padha totohan pating brengok, suwarane ~~m~~urahan.

Cnd Lr : "Cek -cek-cek,

Ayo, ayo, Kresna, Kresna jebret."

P. Wngs : "Asor -asor

cek -cek- cek- cek..."

Rd Ptr : "ho, ho. ho unggul, unggul jebret."

aduh. Kurang ajar."

Cnd-Lr : "Cek -cek -cek.

Ayo, ayo, Kresna, Kresna ... jebret.
Modar ora ?"

"Keyok," jagone Rd. Putra kalah.
"Hore menang!"

Rd Ptr : "Wut, blai.

Trembelane. Ayo ngadeg, ngadeg!"

Pungkasane jagone Rd. Putra digitik, kena jal
lu banjur keyok, klebegan ora bisa obah, nuli ma
ti. Lan sateruse jagone Cindhe Laras kluruk:

"Kuk, kuk kluruk,
jagone Cindhe Laras,
omahe tengah alas,
anake Rd. Putra."

Sanalika Rd. Putra banjur nggeblag sumaput,
bareng wus enget, banjur marani Cindhe Laras lan
ngandika,

"Cindhe Laras! O anakku,
jebule kowe anakku dhewe, Ngger.
Lha ibumu sapa, lan ana ngendi?"

Cnd Lr : "Kula anakipun Dewi Limaran.
Manggen ing salebeting wana."

Rd Ptr : "O, genah. Yen mengkono kowe putraku te
menan. Lha saiki ayo aku tuduhna Ibumu.
Aku bakal ngerigake wadyabala.
Kowe dakboyong menyang kraton."

Cnd Lr : "Inggih sumangga, kula dherekaken."

Wiwit iku Rd. Putra banjur tata-tata, sawuse
samapta sapirantine, Rd. Putra dalah Cindhe Laras,
apa dene Pak Wangsa kepareng ndherek, miwah para
abdi dalem ing kraton padha budhalan ngupadi du
nunge Dewi Limaran. Sawuse ketemu, Dewi Limaran
kaboyong menyang Jenggala. Retna Cindhaga kaukum.

B. PITAKONAN IKI WANGSULANA

1. Sapa bae kang wus ana ing kalangan?
2. Jagone Cindhe Laras parabane sapa ?
3. Jagone Cindhe Laras bisa ngabruk ping pira?
4. Jagone Rd. Putra iya bisa mati?
5. Kluruke jagone Cindhe Laras apa iya kaya lu mrahing jago? Lha yen ora kepriye?
6. Apa sebabe Rd. Putra sumaput?
7. Bareng kengetan banjur kepriye?
8. Lha Cindhe Laras kepriye sikape?
9. Dewi Limaran apa tetep ana ing alas?
10. Retna Cindhaga kudu nanggung apa?
Lan babaring crita kepriye?

C. TEMBUNG-TEMBUNG KANG ANGEL

andher	= padha linggih jejer akeh
santana	= sanak saduluring priyayi
krabat	= sanak sedulur
ngerigake	= tumandang gawe bebarengan
samapta	= sadhiya
ngupadi	= golek

VII. AKSARA JAWA

WACANEN KANG PATITIS

Java
Mengalihaksaraan
Ketika ini
Dalam keadaan
Yang
Sangat
Dituntut
Untuk
Menulis
Dengan
Aksara
Jawa
Dan
Tulisan
Dalam
Aksara
Latin

ନୀରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	କୂରାତ୍ରି
ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ରାତ୍ରି
ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି
ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି
ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି	ଶୁଭ୍ରାତ୍ରି

ଅନ୍ତର୍ବାଦୀ	ଅନ୍ତର୍ବାଦୀ	ଅନ୍ତର୍ବାଦୀ

କୁଳାଳିଯ୍ୟ	କୁଳାଳିଯ୍ୟ	କୁଳାଳିଯ୍ୟ

କାନ୍ତିରୁ କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ କାନ୍ତିରୁ

ଅରୁଣ୍ୟ	ଅରୁଣ୍ୟ	ଅରୁଣ୍ୟ
କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ
କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ
କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ	କାରୁଣ୍ୟ

କୁଳ	କୁଳ	କୁଳ

କୁଳ	କୁଳ	କୁଳ

ଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶ
 ଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶ
 ଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶ
 ଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶତରଜିଶ

PIWULANG 9

I. WACANEN BATIN

LAMBANG NEGARA

Saben negara nduweni lambang dhewe-dhewe. Semono uga negara Republik Indonesia, dene lambange awujud pepethaning manuk Garudha mawa tulisan "BHINNEKA TUNGGAL IKA".

Wewujudan mau dipek surasane utawa makna-ne. Manuk Garudha mono kaya-kaya dadi tetungguling golonganing manuk, kang nduweni sipat ora wedi marang baya pakewuh apa bae, "Rawe-rawe rantas, malang-malang putung".

Menawa golek pangan utawa darbe sedya, sa-najan katempuh ing prahara utawa mrangguli alangan gedhe pisan ora bakal mundur, ora arep bali, lan ora nedya murungake kekarepane, apa maneh ora wedi marang sindhung riwut.

Mula wis pantes lan ^{ANGKUT RIBUT} wis mungguh menawa manuk Garudha iku dadi lambanging negara RI, lire bangsa kita iku senadyan mrangguli bebaya dikaya ngapa bae, ora samar, ora wegah rekasa nanggulangi utawa nyirnakake. Malah dilabuhi toh pati, beteke olehe nggegegi, ngrungkebi kamardikan.

Dene unen-unen "Bhinneka Tunggal Ika" iku maknane mengkene:

Tembung Bhinneka iku nduweni teges "ora mung siji". Tunggal iku ateges: manunggal dadi siji. Dadi tetembungan mau nduweni makna, senajan bangsa Indonesia iku dumadi kumpuling suku maneka warna, istingarah bisa manunggal.

II. PITAKONAN IKI WANGSULANA

- A. 1. Unen-unen lambang negara RI iku ucapna kang cetha !
- 2. Sebutna pepethan lambang mau !
- 3. Manakne pepethan iku jlentrehna ?
- 4. Wewujudan mau nggamarake duwe watak/sipat kepriye ?
- 5. Sesipatan wewujudan mau pari basane kepriye
- 6. Kepriye mungguhing pari basan mau ?
- 7. Saiki kandhakna maknane lambang negara RI
- 8. Lha menawa gendera Gula Klapa iku maknane kepriye ?

B. TEMBUNG?TEMBUNG KANG ANGEL

lambang	= tandha, symbool
pepethan	= gegambaran
bhinneka	= maneka warna
tetunggul	= pangarep
darbe	= duwe
sedya	= karep, niat, maksud
mrangguli	= methuki, nemoni
sindhung riwut	= angin gedhe, prahara, angin lesus
mungguh	= trep, mathuk
lire	= karepe, tegese
nanggulangi	= methukake, mapagake
nyirnakake	= ngilangake, mbengkas
dilabuhi	= direwangi
istinguarah	= presasat, meh kena, ditetep-ake, dipasthekake yen

III. KAWRUH BASA

A. GUDHANG TEMBUNG/KOSA KATA (1.5.3.)

a. Ukara : Sanajan katempuh ing prahara utawa mrangguli alangan gedhe pisan ora bakal mundur, (= maju terus)

Coba tembung-tembung kang digaris iki cekaken kang surasane padha !

- | | |
|--|---------------|
| 1. Jangane <u>kakehan uyah.</u> | a. njembrung |
| 2. Olehe kelan <u>kurang bumbu.</u> | b. juweh |
| 3. Olehe ngimbu pelem wis <u>mateng banget.</u> | c. asat |
| 4. Olehe turu <u>ora nglilir - nglilir.</u> | d. kemproh |
| 5. Amin bodho, <u>nanging reka - reka pinter.</u> | e. tata krama |
| 6. Darma gelem <u>ngajeni ma - rang wong tuwa.</u> | f. kuminter |
| 7. Sarlan <u>ora tau atus sarta ora gelem ngumbahi.</u> | g. angler |
| 8. Aku durung adus, awit je - dhinge <u>ora ana isine babar pisan.</u> | h. dalu |
| 9. Sinem iku <u>kakehan gunem,</u>
apa-apa dilokake. | i. kasinen |
| 10. Latar, kebone <u>reged, akeh uwuh lan thethukulane.</u> | j. cemplang |

b. ISTILAH

Tembung silihan

Tembung-tembung silihan iki gatekna asline !

1. Asli Portegis : antero, lemari, bludru, meja, sepatu, gendera, greja
2. Asli Persi : tesmak, domba, sreban, nakoda
3. Asli Cina : kongsi, loteng, lonceng, konte, dhacin, kuwih, teh, anglo
4. Asli Indonesia: perjuangan, abis bulan, main, tempat tidur, latihan, bising,
5. Asli Jepang : sayonara, romusa, samore, jibaku, kimono, arigato

c.

c. TEMBUNG NUNGGAL MISAH

Sipat/wataking ati iku warna-warna.

Upamane: Wong gumedhe iku diarani angkuh.

Coba iki isenana wataking ati.

1. Wong kang arang nepsu iku diarani
2. Wong kang gelem disrengeni iku diarani
3. Wong kang gampang nepsu iku diarani
4. Wong kang sareh atine diarani
5. Wong kang bisa simpen wadi iku diarani
6. Wong kang menawa deduwe, loma yen dijaluki ...
7. Wong kang seneng gawe piala, murih bilaining liyah iku diarani
8. Wong kang sugih akal mung murih kauntungane dhewe, gawe pitunaning liyan iku ...
9. Wong kang meri marang kebegjaning liyan, gawe sandi upaya murih bilai iku
10. Wong kang ora nrima ing pandum, kudu ngarah kabeh bagianing liyan iku

a. epeh	f. lembut budine
b. drengki	g. lembah manah
c. muthakil	h. brangasan
d. jail	i. imul
e. lumrah	j. alim

B. TITI BASA/GAYA BAHASA

Warna basa (1.7.1.)

Titik-titik ing ngisor iki isenana nganggo tembung kang mathuk !

1. Kula bilih kawontenan kula ing Surabaya sami wilujeng.
 - a. ngaturi uninga, b.suka priksa c.maringi priksa
2. Nuwun sewu kula

- a. tak maem kriyin
 - b. takdhahar riyin
 - c. nedha rumiyin
3. Bapak sampun saking Bandhung.
- a. kondur, b. rawuh, c. dumugi
4. Menawi dipun paringi, kula kemawon.
- a. ya kersa, b. purun, c. ayem
5. Lho dhik kok
- a. muwun, b. nangis
6. Bapak sapunika ing dalem.
- a. wonten, b. enten, c. ontен
7. Menawi dipun dongengi lare-lare
- a. dhemen, b. remen, c. seneng
8. Raden Premadi pancen dhateng Srikandhi.
- a. dhemen, b. remen, c. seneng
9. Mas Atma kula aturi rumiyin !
- a. dhahar, b. nedha, c. nedhi
10. Tut, waskon punika supados dipun Bu Tom.
- a. konduraken, b. sukakaken, c. caosaken

C. PARIBASAN (1.7.2.)

Uen-unen Rawe-rawe rantas malang-malang putung tegese kabeh sing ngagol-agoli sedayne disirnakake.

Coba paribasan iki rampungna !

- 1. Emban cindhe
- = mbedak-mbedakake
- 2. Cebol nggayuh
- = samubarang kang nglengkara kelakone.
- 3. Suwe mijet
- = pagawean kang gampang digarap/dilakoni
- 4. Kakehan gludhug
- = wong kakehan rembug/kasaguhan, nanging ora ana nyatane

5. Nguyahi
- = wong menehi marang wong kang wis sugih,
muspra/tanpa guna
6. Kalah cacak
- = samubarang pangangkah mawa dicoba-coba
utawa kabobot-bobot kena utawa orane.
7. Kebak
- = wong kang wis akeh kaluputane
8. Dahwen
- = Para dahwen ing wicara utawa liyane,sar-
ta para open marang kamelikan, utawa
marang sabarang pratingkah.
9. Diletana
- = pepesthening jodho, arepa ana pepalang
apa bae mesthi kelakon
10. Dudu berase
- = wong mudhoni wicara, nanging kleru surup

IV. KASUSASTRAN

a. PEPINDHAN/RENGGABASA (1.7.2.)

Piliheng kang cocok !

1. Gampange kaya empol.....
(dipecok, kapecok, pinecok)
2. Rukune kaya mimi mintuna.
(kaliyan, karo, lan)
3. Baguse kaya Kamajaya
(tedhak, mudhun, tumurun)
4. Kang manganggo ireng ngumpul padha ireng kaya
gagak
(reraton, saba, rimang)
5. Suwarane kaya mbelahake.....
(donya, jagat, bumi)
6. Rupane kaya jambe
(disigar, kasigar, sinigar)
7. Anteng kaya penganten.....
(temu, ditemokake, ijab)

8. Beda kaya bumi karo
(akasa, wiyati, langit)
9. Bungahe kaya kere nemoni
(sega, pangan, malem)
10. Bungahe kaya ketiban
(gunung, lintang, daru)

b. TEMBUNG ENTAR (1.7.2.)

Ana ukara:

Bangsa Indonesia wani labuh sabaya pati,
ngrungkebi kamardikan. (tb. entar)

Coba tembung-tembung iki dadekna tembung entar!

- | | |
|--------------------|-------------------|
| 1. kaku | a. tai baya |
| 2. puput | b. buntute |
| 3. endhase | c. pangane |
| 4. geni | d. piandele |
| 5. kenceng | e. amba |
| 6. entek | f. tangane |
| 7. dawa | g. pangarep-arepe |
| 8. jangkahe | h. kekarepane |
| 9. cupet | i. idu |
| 10. mati | j. endhase |
| 11. kecandhak..... | k. yuswa |
| 12. ketiban | l. atine |

V. PARAMASA STRA

A. TEMBUNG ANDHAHAN (1.5.2.)

Ukara-ukara iki tuduhna kang bener !

1. a. Sutarja ketampi ing SMP Negeri.
b. Sutarja katampi ing SMP Negeri.
2. a. Anggenipun kesah boten kasumerepan.
b. Anggenipun kesah boten kesumerepan.
3. a. Kula kapengin ningali sirkus.
b. Kula kepengin ningali sirkus.
4. a. Jagungipun telas kapendhetan tiyang awon.
b. Jagungipun telas kapendheti tiyang awon.

5. a. Ayamipun katedhanan menir.
 b. Ayamipun ketedhanan menir.
6. a. Pisangipun kedalon, mila mlenyek.
 b. Pisangipun kadalon, mila mlenyek.
7. a. Kleting Kuning tinampi panglamaripun de-
 ning Andhe-andhe Lumut.
 b. Kleting Kuning ketampi panglamaripun de-
 ning Andhe-andhe Lumut.
8. a. Rencekipun sampun tinalenan kenceng sanget,
 b. Rencekipun sampun tinaleni kenceng sanget,
9. a. Benjing-enjing kula badhe sinowanana P.Camat,
 b. Benjing-enjing kula badhe kasowanaken
 Pak Camat.
10. a. Kecikipun kolu, jalaran anggenipun nedha saw
 kasambi gineman.
 b. Kecikipun kaulu, jalaran anggenipun nedha saw
 kasambi gineman.

B. WARNANING UKARA (1.6.2.)

UKARA PITAKON

Ukara pitakon iku wedharing gagasaning manungsa kapengin ngreti apa kang durung diweruhi.
 Titik-titikane nggunakake tembung apa, sapa, kepriye, yagene, apa sababe, kena apa.

Dene lagune wekasan munggah, padane pitakon.

Tuladha iki wacanen kang cetha !

1. Kowe arep tuku klambi apa?
2. Hondane Bapak wis didol apa?
3. Sing abang-abang kae apa?
4. Bocah kae sapa jenenge?
5. Sing kok gunem iku sapa?
6. Sapa sing kelangan dhuwit?
7. Kepriye karepmu saiki sida apa ora?
8. Kepriye panemumu, dhek dingendikani Kepalamu?
9. Yagene ta bocah kok pijer nangis kuwi?
10. Apa sebabé dene kowe wingi ora mlebu?
11. Kena apa berase kok ora diliwet?
12. Ngapaa dene kowe ora wani mara saiki?

VI. AKSARA JAWA WACANEN KANG PATITIS

ନେତ୍ରମାନମାନମା
ନେତ୍ରମାନମାନମା
ନେତ୍ରମାନମାନମା
ନେତ୍ରମାନମାନମା
ନେତ୍ରମାନମାନମା

କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ
କାନ୍ତିରୁ

VII. PARAGRAF

Paragraf yaiku karangan kang dumadi uakra uta, wa kumpuling ukara. Ukara siji lan sijine iku ora pisah ana sesambungane lan ngemot gagasan kang dadi underaning karan

Saben tuwuh gagasan kudu katulis ing paragraf anyar, sarta saben paragraf anyar, katulis ing garis anyar nglojok 2 utawa 3 cm.

Saben paragraf iku ndarbeni:

1. lajering gagasan (pikiran utama)
2. panerang gagasan (pikiran penjelas)
3. lajering ukara (kalimat utama)
4. panerang ukara (kalimat penjelas)

- Lajering gagasan iku kang dadi jiwaning saben ukara ing paragraf.
- Panerang gagasan mujudake gagasan kang aweh ka- terangan lajering gagasan.
- Lajering ukara iku ukara kang ngemot lajering ga- gasan.
- Panerang ukara iku kang ngemot ketrangan gagasan.

Lumrahe lajering ukara iku dumunung ing wiwit- aning paragraf. Nanging uga bisa klakon dumunung ing tengah utawa pungkasaning paragraf. Lan ana ka- la mangsane paragraf iku tanpa lajering ukara, na- nging lajering gagasan mesthi ana.

TEMA

Tema (topik) iku gagasan kang dadi tali jiwaning ukara ing sajroning karangan. Kang supaya ka- rangan iku bisa mranani.

Dene tema mono tebane nganmbra-ambra, miliha kang cekak aos, mentes.

I. WACANEN BATIN

KASEKTENING PANCASILA

Mungguh lungguhing teges, tembung Pancasila iku. watak, laku utawa patrap lima kang utama.

Mula ya wis pantes menawa tindak tanduk utama iku dadi dhasaring negara RI.

Lire:

1. Ngandel lan ngabdi marang Gusti Allah kang Maha Agung.
2. Ngrasuk busana kamanungsan.
3. Miwah ngagem kandeling kabangsan.
4. Ngrakit bebrayan karakyatan.
5. Ngluberake marang kaadilan sosial.

Dhapukan lelima iku wis terang tarwaca, siji lan sijine ora ana benceng ceweng, tansah raket manunggal, mujudake pangawak kang santosa. Wis samesthine padha mikul sesanggan pakarti dhewe-dhewe, ewa semono tansah ana gegayutane.

Pancasila ora wigah-wigih nanggulangi beba-ya, nyirnakake sabarang kang sumedyo gawe besem utawa kucem. Tandha yektine akeh banget, kayata: lelakon kang lagi kepungkur, yaiku trajange G30S/ PKI kang ora genah, pangawak setan, arep mbubrah tatanan, ngidak wewaler, tumindak daksiya. Kepri-ye wusanane? Temahan lebur, tumpes sacindhile abang, marga sawabing kurban revolusi kang ngrungkebi Pancasila kang tuwu ing tengahing ma-sarakat, nom tuwa padha gumregut, cak-cek tuman-dang, ora ndadak alon-alonan, nyirnakake tindak angkara murka.

II. PITAKONAN

1. Pancasila iku mujudake pangawak kang santosa,

- coba wenehana katrangane !
2. Pancasila iku ampuh, terangna !
 3. Sawabe kurban Pahlawan revolusi iku ndayani apa ?
 4. Sebutna sapa bae kang kagolong Pahlawan revolu~~lusi~~ !
 5. G30S/PKI iku cekakan saka tembung apa ?

II.B. TEMBUNG-TEMBUNG KANG ANGEL

ngrasuk busana	= nganggo sandhangan
ngrakit	= ngetrapake
terang tarwaca	= cetha wela-wela
ora ana benceng	cewenge = ora sulaya
sesanggan	= sing disangga
pakarti	= pagawean
gegayutane	= gandhenge
ora wigah-wigih	= ora rikuh
nanggulaangi	= nglawan mungsu, ngalang-alangi bebaya
nyirnakake	= ngilangake
besem	= alum
kucem	= tanpa cahya
daksiya	= siya-siya, sewenang-wenang
temahan	= wekasan
tumpes	= sirna, mati
sawab	= daya sing ngolehake berkah
tuwuh	= thukul
guaregut	= mempeng

III. KAWRUH BASA

A. GUDHANG TEMBUNG/KOSA KATA (1.5.3.)

a. NGISENI TEMBUNG KANG DURUNG GANEP

tembung Pancasila, tegese: watak, laku lima kang utama.

Coba iki isenana nganggo tetembungan sila!

- | | |
|--|-----------------------|
| 1. Sarehne papane rupek, olehe ja-
gongan lesehan | a. trapsila |
| 2. Para nyai iku menawa sowan ma-
rak Sang Nata | b. kasusilan |
| 3. Ki Dhalang menawa pinuju ndha-
lang lungguh | c. susila |
| 4. Yen ana kudu bisa nge-
mong tamu. | d. disila -
krama |
| 5. Wong kang ana pajagongan lunga
tanpa pamit iku diarani | e. silakrama |
| 6. Bocah kok unyar-unyur ora duwe
..... | f. madal pa-
silan |
| 7. Ora prelu ngresula yen pinuju
pahargyan ora di kudu
maklum saking repote sing duwe
gawe. | g. pasilan |
| 8. Bocah kang iku nelakake
menawa bebudene becik. | h. sila tum-
pang |
| 9. Aja nerak iku tundone
gampang nuwuhake gendra. | i. sila pang-
gung |
| 10. Wong bebrayan, srawung iku kudu
bisa ngetrapake yaiku-
nganggo tata krama | j. sila |

b. KOSOK BALEN

Ukara: nom tuwa padha gumregut mbrastha tin-
dak kang murang tata.

Tetembungan iki kepriye kosok baline, pilih-
en salah siji kang mathuk !

- | | |
|---------------------|-------------------------------|
| 1. badan alus | X kasar, agal, wadhag |
| 2. mantu gedhen | X cilikan, saanane, climen |
| 3. isinan njaluk | X geleman, saen, kendel |
| 4. rembulan surup | X mlethek, purnama, ndhadhari |
| 5. iwak asinen | X gurih, lawaran, baceman |
| 6. prau labuh | X mancal, mangkat, layar |
| 7. ati burus | X ngebreh, umuk, groboh |
| 8. pedhang warangan | X umabran, asahan, simpenan |

9. manuk ingon X umbaran, cul-culan, alasan
 10. lemah loh X padhas, atos, cengkar

c. TEMBUNG NUNGGAL MISAH

Ukara: Nom tuwa padha gumregut, cak-cek tumandang, ora ndadak alon-alonan kosik-kosik, bebarengan mbrastha tindak angkara murka.

Tembung nunggal misah alon iki trapna ing ukara !

- | | |
|--|--------------|
| 1. Olehmu nyelehake lemari kaca | a. sendhet |
| 2. Lakune pancen, mula-ne iya ora tekan-tekan. | b. rendhet |
| 3. Aja seru-seru olehmu maca,.. bae. | c. tlendho |
| 4. Taline pager, coba kencengna ! | d. remben |
| 5. atimu, aja emosi ! | e. tamban |
| 6. Iramanebae, aja seseg | f. sareh |
| 7. G.B.R. Ayu menawa dandos... banget, rong jam durung mesthi rampung. | g. kendho |
| 8. Kowe iku pancen tenan marang pagawean. | h. lirih |
| 9. Pancen temenan panggaraping prekara kuwi, seprana-seprene kok durung beres. | i. rindhik |
| 10. Olehe meresi, marga kalone wis rusak. | j. alon-alon |

d. TEMBUNG RAKETAN

Ukara: Trajange G3OS/PKI kang ora genah, pangawak setan,..... tegese mawa sipat/wataking setan.

Tembung kang digaris iki wuwuhana supaya
dadi tembung raketan.

- | | |
|---|-------------|
| 1. Aku pilih gedhang tadhah | a. kombang |
| 2. Klambine tanpa tadhah | b. tumpang |
| 3. Ora ketang omah gedhang.....
kudu ndarbeni. | c. gangsir |
| 4. Memper banyune mambeg lha
wong dalane ora geger | d. sastra |
| 5. Dondomane tutus | e. gowang |
| 6. Saiki wis modhel maneh topi
pacul | f. kajang |
| 7. Jupukna layang bau,
dakenggone nggoleki tembung
kang ora ngreti. | g. sapi |
| 8. Yen kowe tuku klobot sing nge-
lar | h. salirang |
| 9. Ki Dhalang lungguh sila | i. kringet |
| 10. Olehe sisig untu ngelar..... | j. udan |

e. TEMBUNG SAROJA

Tembung saroja iku tembung rangkep, karepe
tembung loro kang padha utawa meh padha te-
gese kadhapuk bebarengan, upama:

..... nyirnakake tindak angkara murka.

Ukara iki isenana tembung saroja kang mathuk!

1. Dagangane tandho-tandho
2. Menawi wonten muna-muni ingkang bo-
ten ndadosaken dhanganing penggalih, kula nyu-
wun pangapunten.
3. Duwe bok iya sing rada alus.
4. Olehe padha turu aja
5. Tumpukane kayu jati
6. Menawa ngeculake tembung sing ngati-ati, aja
gawe liyan.
7. Wong mono wis jamak lumrahe..... samad-
sinamadan.

8. Kaya-kaya ora ana alane menawa kowe.....,
para Nabi.
9. Prakara kang wis ora prelu dirembut
maneh.
10. Raksesa iku wis lumrah yen duwe sipat.....,

- | | |
|------------------|--------------------|
| a. angkara murka | f. sungsun timbun |
| b. lalu lungse | g. malang megung |
| c. napak tilas | h. tandang grayang |
| d. utang selang | i. tindak-tanduk |
| e. sak serik | j. tumpuk undhung |

IV. KASUSASTRAN

RENGGA BASA (1.7.2.)

A. Tembung-tebung iki dadekna tembung rura basa !

1. Yu, kowe apa sida kelan ?
2. Gendhuk, ulehmu nyulam apa wis rampung?
3. Olehe nampar kurang keker.
4. Ing Pedan akeh wong nenum
5. Ja, kowe kok pinter natah ta, jebule?
6. Aku ora bisa njilid dhewe.
7. Siwa lagi mipis kanggo nambani Yatina.
8. Kapan bapakmu olehe ngedegake ?
9. Ya, nulisa kirimna mbakyumu kana !
10. Lik Sastra lagi nggoreng kanggo gadhon.
11. Bakul rombengan iku tlaten ndondomi amoh.
12. Yu Sumi lagi mbunteli sing kanggo sesuk.

V. PARAMA SASTRA

Ukara pakon/Titi Ukara (2.6.2.)

Ukara pakon iku wedharing gagasan tumuju maneh wong kapindho supaya nglakoni utawa

nindakake pagawean.

Pakon iku kang digatekake perangane tindak.
Dene lagune wekasan munggah rata, padane pakon.
Tuladha:

1. Ma, nulisa layang kiriman kae !
 2. Tar, milihana rencek sing wis garing !
 3. Kun, mbalekna barang-barang silihan iki !
 4. Tulisen layang kiriman kae !
 5. Pilihana rencek sing wis garing !
 6. Balekna barang-barang silihan iki !
 7. Kowe kudu mangkat saiki !
 8. Gelem ora gelem kowe kudu lunga saiki !
 9. Poma kowe di ngati-ati !
 10. Tan kena ora kabeh kudu nggugu pitur becik !

VI. AKSARA JAWA

WACANEN KANG PATITIS

